

№4-5 (192-193) АПРЕЛЬ - МАЙ 2019с.



Ассаламу гIалайкум!

# Суъраль



БАРКИЯЛ



Апрель моцIалда Абу-Даби (ОАЭ) тIобитIараб джиу-джитсу гугариялъул рахъалъ тIолгодуня-лалъулаб чемпионаталда нилъер росуцояв АхIмадилов ГIалисул-тIаница (ГIалистанля АхIмадил МухIамадил вас) ккуна кIиабилеб бакI. РикIкIадисеб Бразилиялдаса нилъер гьанибе щвараб ва гьаниб лъикIаб хIалалда цебехун унеб бугеб гучаб гьеб рагъуе ГIалисултIан куцала МахIачхъалаялда бугеб спортивияб клубалда, Бразилиялдаса нилъехъе вачIарав тренер Марко Мачадол нухмалъиялда гъоркь.

Баркула ГIалисултIанида тIадегIанаб гьеб бергьенлъи, кьеги дуе хадубккунги цIалулъ ва спорталда талихI.



Хасавюрт шагьаралда, тхэквондо-ялъул рахъалъ мацI лъаларел - гIинкъазда гьоркьоб тIобитIараб тIолгороссия-лъулаб чемпиона-талда, нилъер росуцояй, 8 классалъул цIалдохъан Эчилова ХIажиялъ (ГIабдулагьил яс) 46 кг цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI. Гьанже гьей жигараб куцалда хIадурулей йиго хасало Турциялда тIобитIизе бугеб Европаялъул чемпионаталде. Кьеги ХIажиялъе лъикIаб сахлъи, цIалулъ ва спорталъулъ талихI, икъбал, лъикIал хIасилал. Турциялдасаги мун тIадюссаги мустахIикъаб бергьенлъигун.



1-6 маялда Хабаровск шагьаралда тIобитIараб тхэквондоялъул рахъалъ тIолабго Россиялъул къецазда Дагъистаналъул гIолилазул (14-16 сонил ригь) тIасабищараб командаялъ ккуна тIоцебесеб бакI. Гьезие щвана 4 меседил, 2 гIарцул ва 5 мазгарул медалал. Ахираб щуго соналда жаниб нилъер командаялъ киданиги ккун букIинчIо гьедин тIадегIанаб бакI. Гьединаб хIасил ккеялъе гIилла буго гьеб командаялъул тренерлъун гIолохъанав, амма хIалбихьи ва бажари бугев спортсмен Эчилов (Каримил МухIамадил) Камиль вукIин. Гьев ккола Россиялъул мастер ва ГРАМАТОН клубалъул бетIерав тренер. ВатIаналде тIадбуссараб команда къабул гьабуна республикаялъул бетIер Владимир Васильевас. Гьарула нилъер республикаялда машгьурлъи жеги гIемер щвечIеб, амма берцинаб, гьайбатаб гьеб спорталъе цебетIей ва гьелъул цебесеб кьерда вугев Камилие талихI-икъбал, хадурккунги лъикIал хIасилал. Рагьараблъун батаги нужее олимпиададаялде нухги.

РОСУЦОЯЛ

# Вот и прошел самый главный праздник - День Победы

**И снова как тогда в первый день мира, расцвела сирень. Каждый год наша школа, как и вся страна, отмечает очередной праздник Победы, но время, фронтовые раны и болезни неумолимы. Память о предках - не только исторических, но и непосредственных представителях наших семей - составляет главное богатство нашей души.**





Память об ушедших священна: "Под каждой могильной плитой - мировая история", - как говорил Г. Гейне. Героизм воинов Второй мировой войны... Мы не может знать всех поименно, но разве в имени дело? То, что свершили эти люди, не нуждается в комментариях.

Не случайно самое большое количество цветов - свидетельство памяти народной и преклонения - именно у Могилы Неизвестного солдата.

И горит Вечный огонь, подтверждая: "Имя твое - неизвестно, подвиг твой - бессмертен!". Все они воевали не за собственное благополучие, воевали за свободу Родины, боролись за независимость народа. Потому и бессмертны они. Ведь человек жив до тех пор, пока о нем помнят. Вряд ли найдется человек, чье сердце не сжималось бы при звуках этой известной песни. Ни одного человека, человека, имеющего чуткое сердце и живую душу, не может оставить равнодушным этот великий день - День Победы. В нашей жизни много праздников - светлых, веселых, торжественных, волнующих, великих, но ни один из них не может сравниться с праздником Победы в Великой Отечественной войне.

***Вечная им память!!!***

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ - 74 СОН

# Лъабнусгоязул цояв

## Рохелги пашманлъиги цадахъаб байрамалда дандчIвай гьабизе буго аваданго, бадиб магIугун

**Нилъер росулъа КIудияб ВатIанияб рагъде ана 300-гIанасев чи. Гьезул бащдал гурони нахъги руссинчIо. ГьабсагIаталда нилъгун хутIун вуго 94 сонил ригьалде вахарав ХIажи ГIинчилов (Дагъистаналда вуго 171 ветеран, нилъер районалда тIокIав гьечIо). Гьев, гIарзаги кьун, ана рагъде ва тIадги вуссана 1946 соналда. ХIалтIана жанисел ишазул органазда, прокуратураялда, батIи-батIиял магIишатиял идарабазда. 1971-1985 соназда вукIана Гъуниб райкомпартиялъул тIоцевесев секретарьлъун. Пенсиялде аралдаса гIемерал соназ гьабуна Росдал магIишаталъул министерствоялъул Ветераназул советалъул председателасул хIалтIи.**

**Гьал къоязда дун дандчIвана ХIажигун.**

**- ХIажи, 94 сонил ригьалде вахун вуго мун. Сунда тIад ургъизе тIамулев гьеб тарихалъ?**

- Гьеб буго кIудияб тарих, рана гьелщинал сонал, дир кьерилазул хутIарав чиги гIемер гьечIо. Нилъер гIумру цо бакIалда чIун букIунаро, цоял уна, цогидал рачIуна, сундулго буго нух. Нахъе тараб тана, гьелъул хIисаб гьабун гурони ургъел гьабун ккезе жоги букIунаро. Ургъел букIуна букIинеселъул - щибдай-киндай ккелаян абун. Цо чиясда бихьизе гIураб дидаги бихьана ва дида бихьараб (рагъ) бихьугеги хадусел гIелазда.

**- Дуца 15 соналъ гьабуна райкомпартиялъул тIоцевесев секретарасул хъулухъ. Абула мун вукIанин кьварараб хасияталъул, киназдасаго щулияб гIадлу-низам тIалаб гьабулев нухмалъулевин абун. БитIун бугищ гьеб?**

- Буго. БукIине кколеб низамги чIезабичIеб, гIадлуги гьечIеб бакIалда хIалтIи лъугьунаро. ХIаким кьварараввги, ритIухъавги, гIадамазул унти-ургъел бичIчIулевги гьечIони, хIалтIул хIасил бу-кIунаро. Дицаго мисал бихьизабичIони, кинха гьеб цогидаздаса тIалабги гьабилеб? Гьединлъидал, тIоцебесеб иргаялда, дица байбихьана дидасаго тIалаб гьабизе ва цинги цогидаздасаги. ХIалтIуде щолаан сагIаталъ цеве, хIалтIул къо лъугIун хадуб лъабго-ункъо сагIаталдасан гурони рокъовеги унароан. Дица чIезабичIо гIадамал къабул гьарулеб къо ва сагIат, хIажалъи ккедал дихъе, хасго росабалъа гIадамал, рачIине бегьулаан заман цIехечIого.

**- Лъиениги балъголъи гуро ришватал роси гьаб заманалда цIакъго тIибитIараб, кибго дандчIвалеб хIужа букIин. Доб мехалъ кинаб ахIвал-хIал букIараб? Дуе ришват кьолев чиго кколаанищ?**

- ХIинкъиялъги, дир гьелдехун бугеб бербалагьи лъаялъги ришватгун цоники чи дида аскIове киданиги вачIинчIо. Дица байбихьудасаго лъазабунги букIана, лъицаниги ришват босанин ялъуни кьунин абураб хабар рагIун хадуб, гьединав хъулухъчи хIалтIудаса вахъизе вугин. Гьеб чорокаб пишаялда данде нижеца балаан кутакаб рагъ. Гьелдаго цадахъ, ришватал кьеялъул хIужаби доб мехалъги цо-цо дандчIвалел рукIун ратаниги, гьабсагIаталда гIадинаб хIал букIинчIо.

**- Доб заманалдаги гьабсагIаталдаги ругел нухмалъулезул хIалтIул къагIидабазда гьоркьоб кIудияб батIалъи бихьулищ дуда?**

- ЦIакъго кIудияб. ЦIаялъулги лъелги гIадинаб хIал бугин абуни, мекъи ккеларо. Доб мехалда кIудияб кIвар кьолаан гIодосанго кадраби куцаялде, тарбия кьеялде. ХIалтIуде тIамулаан хIалбихьиги, лъайги, гIадамазда гьоркьоб къадруги бугев, тIаде босараб хIалтIул жавабги кьун бажарулев чи. Киназдаго лъалаан нухмалъиялде мун тIамураб идараялъул хIалтIул даража борхизабун гурони гIодобе ккезе тезе дур кинабгIаги ихтияр гьечIеблъи. Нагагь гьедин ккани, мун цо къоялъниги хъулухъалда толареблъиги. Мисалалъе, цо колхозалда къойил бечIчIулеб рахьдал къадар чанго литралъ гIодобе ккани, партиялъул обкомалъул даражаялда бахъинабулаан кIудияб ахIихIур. Гьедин, тIаса гIодобе сундулъго букIана низам, тIалаб гьабулаан хIалтIул хIасил. ГьабсагIаталда бихьулеб буго кадраби ракIарулел рукIин гьезул лъайбажариялда рекъон гуреб, цо бичIчIулареб къагIидаялда, ай лъай-хъваязда, гIарцул гучалда рекъон.

**- КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьун букIин киб ва кида лъараб, кин ккарав рагъде?**

- "Чапаев" ва "Тринадцатый" абулел рагъул кинобазухъ балагьун гурони, рагъ щиб жояли лъазе жеги гIурав чи вукIинчIо дун. Амма росулъ рукIана финазулгун букIараб рагъда, "ХIасан" хIоралда ккарал лъугьа-бахъиназда гIахьаллъарал чагIи. РукIинесел рагъухъаби хIисабалда ниж куцалаан школалъул военруказги. Жеги росу тун къватIивехун щвечIев, микьабилеб классги лъугIун, каникулазда эбелалда аскIов (гьей йикIана ЧIарада районалъул гIорхъода бугеб колохъ дояркалъун) вугев дун ахIана росулъе. Хадусеб къоялъул рогьалида, тIадлъун кIудияб тIагъургун, тIадбан кIудияб ханжаргун, хIатIилицIго, 15 чIужугIадангун (киназдаго цебе къотIун лъаб-лъаб хIамаги) цадахъ, дун витIана МахIачхъалаялде, ханжу босизе. Нухда нижеда бичIчIана ва шагьаралде, колхозалъул петералде щведал, бицана рагъ ккун бугин. Босун ханжугун, сапаралъул 13-абилеб къоялъ ниж тIадруссун щвана росулъе. Гьеб заманалда байбихьана



..."Чапаев" ва "Тринадцатый" абулел рагъул кинобазухъ балагьун гурони, рагъ щиб жояли лъазе жеги гIурав чи вукIинчIо дун. Амма росулъ рукIана финазулгун букIараб рагъда, "ХIасан" хIоралда ккарал лъугьа-бахъиназда гIахьаллъарал чагIи...

росулъа гIолохъаби армиялде рачине. ГьитIинго вугин абун, вачунарогоги вукIун, дица хъвана гIарза (гьеб хъвазе малъана Гъунив дандчIварав ГIумар МуртазагIалиевас (дир эменги гьесул эменги рукIана гьудулзаби).

Гьелде щвезегIан дида лъазецин лъалароан гIарза щиб жоялицин ва дун вачана армиялде. Дида хадубго киналго классцоязги кьуна гIарзаби, гьелги ритIана армиялде. Дун ккана Бакуялда бугеб рагъулаб училищеялде.

**- Кидаха бихьараб тIоцебесеб рагъ, киб лъараб гьелъул "тIагIам"?**

- Училищеялъул курсалги лъугIун, разведкаялъул роталъул отделениялъул командир хIисабалда дун ккана Ингушетиялъул Малгобек шагьаралда аскIоб унеб букIараб рагъде.

**- Бергьенлъиялъул къоялда киб дандчIвай гьабураб?**

- Белоруссиялда вукIарав дун цIализе витIана Москваялде, тIолабго СССРалда цого-цо бугеб рагъулабгун финансалъулаб училищеялде. Гьеб къоялъ дун вукIана училищеялъул байрахъалда аскIов, посталда. Дежурствоялда вукIаго, байбихьана бицун божулареб кьвагьа-гIанхъи, ахIихIур. РакIалде ккана цоги щиб балагьдай бачIарабилан. Цинги вачIана офицер ва лъазабуна рагъ лъугIанин, нилъги бергьанин. Хадур ниж рачана къватIире, щвана гIаламалъ цIураб БагIараб Майданалде... бицун бичIчIулеб, бихьичIев божулеб жо гьеб гуро.

**- Кинха нужеца кIодо гьабураб гьеб къо, кьунищ нужее "наркомасул" 100 грамм?**

- Доб къоялъ кьуна лъикIаб квен, амма гьекъолеб жоялъул хабар букIинчIо. Гьеб гьечIониги, нижер рохиялъул, разилъиялъул, аваданлъиялъул рагIаракьан букIинчIо.

**- Исана 74 нухалъ дуца дандчIвай гьабулеб буго Бергьенлъиялъул къоялда. Кинал планалгун, пикрабигун дандчIвазе ракIалда бугеб?**

- Гьанже дир планал рухьарал руго сахлъиялда. Гьал дир махIабаз дихъ гIинтIамичIони, букIинаро къватIиве вахъинги. Амма рохелги пашманлъиги цадахъаб гьеб байрамалда дандчIвай гьабизе буго аваданго, бадиб магIугун....

**- Киналго кьерилал-росуцоял, рагъул гIахьалчагIиги цереса ун, цохIо мунго хутIун вукIиналъ кинал хиялазде вачунев?**

- Гьел ракIалдещолареб къого букIунаро, церечIола чIагоял дозул сипатал, унтула ракI, хасго дунго хутIараб заманалда...

**ГIабаш ГIАБАШИЛОВ**

# Шах? Мат!

**20 апрелалда Анатолий Карповасул цIаралда бугеб шахматазулаб клубалда тIобитIана иргадулаб, ункъабилеб, мунагьал чураяв Хачалов Багьавдин ракIалдещвеялъе росуцоязда гьоркьоб гIуцIараб шахматазул рахъалъ рагьараб турнир. Гьеб турнир дунялалда тIадго машгьурав (гроссмейстер - чемпион) шахматистасул цIаралда бугеб, нилъер росуцояв, мунагьал чураяв ХIамзат ХIамзатовас бараб ва шагьаралъе сайгъат гьабураб клубалда, нилъер росулъа бищунго къадруязул цояв ракIалдещвеялъе тIобитIулеб букIиналъги тадбиралъе кьуна хасаб берцинлъи. Цоги къапIараб хаслъи тIадежубана гьеб бачарав, гьелъие гIуцIиялъулаб тадбир гьабурав гроссмейстер, Дагъистаналъул шахматазул федерациялъул нухмалъулев Жакай Жакаевас.**




...ТIоцебесеб бакI ккуна ХIамидов ТIинамухIамадица (МухIамадил вас), кIиабилеб бакIалде вачIана СагIитил ГIабдулагьил ГIумар, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана 7 классалъул цIалдохъан, Каспийск шагьаралдаса нилъер росуцояй АхIмадилова Хадижат (МухIамадил ГIабдулагьил яс...

Билълъараб низамги цIунун, турниралъе байбихьи гьес лъуна цо заманалда жаниб киналго гIахьалчагIигун цадахъаб хIаялдалъун ("сеанс одновременной игры"). 19 гIахьалчиясда гьоркьоса гьеб хIаялълъ Жакайида тIад чIчIел босана цохIо ГIали Закариялoвас. Гьелдаса хадуб байбихьана жибго турнирги. ГIахьалчагIазул гIемерисел рукIана хIалбихьи бугел, цересел турниразда гIахьаллъарал, рукIана шахматазулъ хIалбихьи бугониги, гьаб турниралда тIоцере гIахьаллъулел. Кидаго гьадинал тадбирал гьоркьор толарев (гьел гурелги росуцоязул цоги данделъаби - ракIариязда жигараб гIахьаллъи гьабулев), Гъизляр шагьаралда гIумру гьабулев нилъер росуцояв ХIаскъил МухIамадовасул сахлъиялда бан рес ккечIо МахIачхъалаялде вачIине. Амма, турниралъе лъикIал рагIабиги, гьеб берцинаб хIалалда иналда ракIчIейги загьир гьабураб, жив рокъовго хутIулев вукIиналдаса (тIадегIанаб даражаялъул шахматист хIисабалда) кутакалда разилъарал - рохарал гIахьалчагIиги гIезегIан ратиялда жиндир кинабгIаги шаклъи гьечIолъиялъулги бицараб гьесул ругьел щвана турниралде.

ГIезегIан хIалуцун, балагьаразул гъирабазабуледухъ арал хIаязул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна ХIамидов ТIинамухIамадица (МухIамадил вас), кIиабилеб бакIалде вачIана СагIитил ГIабдулагьил ГIумар, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана 7 классалъул цIалдохъан, Каспийск шагьаралдаса нилъер росуцояй АхIмадилова Хадижат (МухIамадил ГIабдулагьил яс). Гьезие рукIана даражаялда рекъарал сайгъатал, грамотаби ва баркалаялъул рагIаби (цохIо бергьаразе гуребги, сайгъатал чIезарун рукIана батIи-батIиял номинациязеги). Багьавдинил хъизан-лъималаз гьабуралда тIаде нухда тIамиялъе квербакъана "хуторок" кафеялъул вакилзаби ГIабдула Хазамовас ва Халит ШагIмановас, Варис Ибрагьимовас, Шейх ГIабашиловас, ГIумар ГIарабовас. Турнир ана берцинаб, чамучIлъи-чIалгIин гьоркьоб жубачIеб хIалалда. Гьеб лъугIун хадуб, мунагьал чураяв Багьавдинилги, гьесул цIаралда бугеб гьаб турниралъулги ра-




хъалъ ругел жидерго пикраби загьир гьаризе нижеца гьарана цоцо шахматал хIалезда, гьездехун рокьи ккаразда ва хIаялъухъ балагьаразда.

ГIали Закариялов. Багьавдин вукIана кинабго рахъалъ мисалияв инсан, хIакъикъияв педагог, цIодорав, кутакалда лъимал нухда рачине махщел бугев. ВукIани учитель вукIине ккола додинав. Цоцоял рихьиялъеги, лъаялъеги, росуцоял гъункиялъеги чара гьечIого хIажатаб, лъикIаб тадбир буго гьаб. Бокьилаан гьаб хадубккунги тIобитIизе, кIудияв чи вугониги, дицаги киданиги гьоркьоб тезе гьечIо гьеб.

Ражабов (Билалил) МухIамад. ГIумруялъго школалда хIалтIулев вугелъул, дида лъала гIемерал педагогал, амма Багьавдиница гIадин рагIа-ракьанде щун, цIалдохъабазул рекIелъе босун дарс кьолев, гьеб кьезе махщел бугев, ритIухъав дида гIемер дандчIвачIо. Гьев вукIана киданиги ахIун калам гьабуларев, цIодораб ва магIнаяб рагIул, тIаде босараб ишалда жаниве лъугьарав, росуцоязда гьоркьов къадруялда вугев, росу-жамагIат бокьарав инсан. Гьаб турнирги буго квешал ишаздаса рикIкIад гьарулеб, лъикIал ишазда гIагарде цIалеб, гIолохъаналги хералги росуцоял данде гьарулеб, цIакъ лъикIаб иш. Дун чIаго вугебгIан заманалда дицаги гьабизе буго гьениб гIахьаллъи.

Багъинов МухIамад. Багьавдин вукIана цIалдохъабазеги, цадахъ хIалтIулезеги, росуцоязеги вокьулев, цIакъго гъваридав, тIадегIанаб даражаялъул учитель. Гьесул вас МухIамадги, мунагьал чураяв, вукIана дир лъикIав, рагIи дандекколев гьудул-гьалмагъ.

Гьаб турнир тIобитIиги буго цIакъ лъикIаб гьаб заманалда хIажатаб хIалтIи. Дие цIакъ бокьилаан хадубккунги, гьоркьоб течIого гьаб хIалалда ине. Чан къо Аллагьас дие кьун бугеб лъаларо, амма кьурал къоязда дицаги гIахьаллъи гьабизе буго гьелда.

МухIамад МахIмудов (МахIмуляв). Турниралъул кидагосев гIахьалчи ва экс-чемпион. Руго гьаб дунялалда тIад нилъ ругебгIан заманалда нилъеда кIочон тезе бегьуларел ишалги гIадамалги. Гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккола нилъер умумуз. ЧIаго рукIаго гьабизе ккола нилъеца гьезул адаб-хIурмат, къимат, хвараб мехалда гьел цIунизе ккола нилъер ракIазулъ ва пикрабалъ, чуризе ккола гьезул мунагьал. Жиндир лъималаздаса хирияб жо щибго букIунаро эбел-инсуе, гьединабго букIине ккола лъималазул эбел-инсухъе бугеб бербалагьиги. Кинав эмен Багьавдин вукIарав, гьелъие жавабги гьесие къиматги кьолеб буго гьесул лъималаз - гьале ункъабилеб нухалда гьез тIобитIулеб буго гьаб турнир. Кинав инсан, педагог гьев вукIарав, гьеб лъала росдадаго, гьес нахъе тана цIакъго лъикIаб, мисалияб цIар.

Гьаб турнир берцинаб хIалалда нухда тIамуралъухъ кIудияб баркала кьезе бокьилаан Багьавдинил хъизам-лъималазе, баркала буго гьениб гIахьаллъи гьабурал киназегоги. Гьаб буго пайдаяб, магIнаяб, рохалилаб байрам. Кьеги сахлъиги ресги хадубккунги гьаб тIобитIиялъе. Бичас биччани, дунги кидаго вукIине вуго гьелъул гIахьалчилъун, шахматал хIан бажарулеб гьечIони, гьеб хIаялъул болельшик хIисабалданиги.

ХIамзат Хачалов, Багьавдинил вас. Турниралъе къимат кьезе дида кIоларо, гьеб кьела цогидаз, гIахьалчагIаз, гьанире рачIараз. Гьалъул мурад гьечIо чемпионал рахъинари (рахъани гьебги лъикI), мурад буго росуцоял данде гьари, бухьен-гьуинлъи цIикIкIинаби. Дун цIакъго разиявги вохаравги вуго нилъер росуцоял гьанире рачIиналдасаги, гьел гъираялда шахматал хIалел рукIиналдасаги. Кинабго гIагарлъиялъул рахъалдаса баркала киназего.

КIОЧОНАРЕБ ДАНДЧIВАЙ

# Цадахъ рекъон бугеб лъикI

## Сонал... Сонал... Сонал. Унел руго сонал хехаб гIор гIадин

**Ахирияб цIумур. Гьеб ккола рохараб ва пашманаб байрам. Исанаги 25 маялда ахирисеб цIумур кьабуна Сугъралъ росдал школалъул 19 цIалдохъанасе. Цебегоялдаса нахъе гьениб гIадатлъун лъугьун буго ахирисеб цIумур кьабулеб байрамалда школа лъугIун 20 сон арал цIалдохъабазги гIахьаллъи гьаби. Гьеб лъикIаб гIадат тIобитIизе байбихьана 1995 соналда. Гьелдаса нахъе ун буго 24 сон. Гьеб соналда ниж цIалулел рукIана 7 классалда.**



"Сугъралъ росдал гурони гьечIо "одноклассникал" абураб гIагарлъи", - ян абула гIемерисел гIадамаз. Гьел рагIабазулъ цо дагьаб жахIдаги батилин ккола дида. Гьеб рагIуда хурхарал гIемерал тадбирал рукIунаан нилъер - бахIарал рукIа, хвел букIа, къварилъи букIа, захIмалъи букIа, одноклассникал гIагарлъигун цадахъ ратулаан кидаго аскIор.

25 маялда букIуна ахирисеб цIумур кьабиялъул праздник. Нилъер гIадататазда рекъон гьеб цIумур кьабулаан школа лъугIун 20 сон барал цIалдохъабазги! "20-летие окончания школы" абулел рагIаби гурони, гьеб кколедухъ баркизе ва тIобитIизе гIемерисез хIаракат бахъуларо, амма нилъеца гьеб гIадаталде буссинабун буго, гьелдаса гIемер рохаралги рукIуна киналго: цIалдохъабиги, учительзабиги, гьезул улбулги, росдал гIадамалги, гьел гурел цогидалги. 1999 соналда школа лъугIарал цIалдохъаби ккола: Алиев Шамиль Абдулаевич, Атрачев Шамиль Алавдинович, Валихов Гаджи Алиевич, Дамаданов Шамиль Ахмедгаджиевич, Закилов Ахмед Абдулаевич, Квешов Мурад Сиражудинович, Мухучев Манап Магомедович, Саадуев Ахмед Саадуевич, Абакарова Асият Абакаровна, Абдулаева Патимат Абдулаевна, Газичилова Асият Аязовна, Дамаданов Эльмира Шамилевна, Исаломарова Патина Магомедовна, Квешов Хадижат Шамилевна, Маангалова Абидат Магомедкадиевна, Энхова Джамиля Шапигаджиевна.

Ниж киналго цIакъ рохарал руго гьаб байрамалдаса, одноклассникалгун данделъизе рес ккеялдаса, учительзабигун гIодор чIун ракIрагьараб накъиталдаса, цIалдохъабигун кIалъазе рес щвеялдаса, ва киналго нижер хIалтIул пикрабиги, масъалабиги цо дагьаб мехалда букIаниги, кIочон теялдаса. Нижеда абизе кIола 20 сон школа лъугIун нижеца бананиги, гьаб кинабго рукIа-рахъин ракIалде щун хадуб, пикрабазулъ нижер 17 сон букIанин абизе.

Бокьилаан баркала кьезе ва щулияб сахлъи ва халатаб гIумру гьаризе жакъа чIаго ругел ни-




жер учительзабазе: Якубов Узайри Абдулаевич, Газичилов Магомед Алиевич, Ахдуханов Магомед Ахмедович, Гаджиомарова Сарат Гаджиевна, Хачалова Патимат Ибрагимовна, Уцов Абдула Магомедович, Чинтилова Джамилат Абдулаевна, Гаджиева Шахри Абдулаевна, Исаломарова Патимат Абдулаевна. Гъединго мунагьал чурагиян гьаризе нижее дарсал кьолел рукIарал, жакъа нилъгун гьечIел учительзабазул Джалилова Кавсарат Магомедовна (классалъул нухмалъулей - киданиги ракIалде ккун букIинчIо Кавсарат Магомедовна гьадин хехго нилъедаса ятIалъилин. ЦIакъго пашманго руго ниж гьей нижеда аскIой гьаний эхетун гьечIолъиялдаса), Якубов Абакар Магомедович, Уцов Абдула Ибрагимович, Мусаев Магомед Мусаевич, Мусаев Абдула Мусаевич, Амиров Ахмед Амирович.

ГIемерисеб жо, замана араб мехалда гурони бичIчIулеб батуларо. Дица пикру гьабула доб цIакъго захIматаб заманалъул (90-абилел сонал), хIукуматалъ гьабулеб букIинчIеб школазул букIа, больницабазул букIа, институтазул букIа тIалабалъул. Гьединаб гIумру букIаниги, нилъер учительзабаз Сугъралъ школалъул цIар тохлъизе биччачIо, чамалиго моцIаз харжал кьолел рукIинчIеб заманалдаги, хIалтIуде рахъинарин абичIо. ГьитIинаб мухь букIаниги жиндирго профессия хисичIо. Гьеб гурищ доб патриотизм?! Гьеб кколарищ жиндирго профессия бокьи?! Гьеб гIеларищ гьанжесеб гIелалъе мисал?! РакIалдацин букIуна цо-цо мехалда лъималазул цIали хашлъун батанани, рокъорокъоре рачIунел рукIана учительзаби щиб гIилла ккарабали лъазабизе. Гьанже абулеб буго учительзабаз, цебе гIадинаб цIали гьанже школалда гьечIилан, доб заманалда гIадин цIалудехун лъималазул гъира гьечIоян. Гьанже гIадин ресги, шартIалги, интернетги кида рукIарал? Нижеда ккола гьеб масъала гьанжесел учительзабазул гъалатI гурин, гьанжесеб заман бачIун буги гIажаибаб абун, цIалул къимат гьечIеб, артисталги спортсменалги зодоре рахъинарулеб, учительзабазулги врачазулги къимат хвараб. Ва амма цогидаб рахъалъ ургъани, цIализе бокьарав чиясе бокьарабгIан рес кьун буго цIализе. Руго семиналалги, руго вебиналалги, ютуб буго, онлайн-курсал руго, гьечIеб жо гьечIо. Нилъеца политикаялъул бицинаро, нилъеца жакъа гьарула киназего щулияб сахлъиги, метерисеб къоялде божилъиги.

Нижецаги, батараб гIадат рехун течIого, яхI бахъана цо гьитIинабго букIаниги нижер классалъул рахъалдасан берцинаб лъалкI тезе. Гьабуруб лъикIлъиялъул гIемер бицине рекъараб гьечIелъул, къокъгьабун абила гьадин: школалъе цо дагьаб кумек гьабуна тIасияб корпусалда гордал хисизе, детсадалъе босана проектор, больницаялъе санузелалъе хIажатаб алат, росдал лъималазул площадкаялда лъуна цIияб маххул конструкция - "Горка", учительзабазеги кьуна гьитIиналго сайгъатал.

Данделъиялдаса ниж цIакъ рохана, разиго гьечIев чиги вугин абизе кIоларо. РакIалде ккола хадусел классазги гьаб лъикIаб гIадат рехун теларин. ТIадеялдаса тIаде классазул лъималги дагьал рукIин лъала, амма гьез захIмалъабиги къезарун, гьадинал тадбирал тIоритIи лъугIизе теларо. Гьаб мероприятиялдаса хадуб нижеца хIукму гьабуна, гьоркьо-гьоркьоргIаги дандчIваял гьаризе, гIилла щвезегIан чIечIого. Баркала киназего, сахлъи сугъулдерил жамагIаталъе, рохел тIолабго Дагъистаналъе.

*1999 соналда школа лъугIаразул рахъалдасан хъвана ГIалиев ШАМИЛИЦА.*

# ГъутIби чIана, нухал къачIана

**Цебекун къотIи гьабиялда рекъон, гIемерал васаз гIахьаллъи гьабуна исана гьел гъутIби чIеялъул субботникалда. Байбихьи гьабуна рузман къоялъ. Рузман бан хадуб, Шайхалов ГIабдулбасирил нухмалъиялда гъоркь, байбихьана иццалъул гохIда лъураб бетоналъул чIалу нахъе босиялъул хIалтIи. Баян: гьеб иццалъул рагьтIаса ясли-ахалъул рагьдехун унеб нух къан букIана цо талихI къураб авария гьениб ккеялъ. (Гьенив гьеб авариялъул хIасилалда хвана ГIунтIиса МухIмуд нилъер дурц, мунагьал чураги гьесул.)**

Ва амма авария ккарабщинаб нух къан тун тIубаларелъул, гьеб къоялъ хIукму ккун букIана субботник гьеб нух рагьиялдалъун байбихьизе. Гьеб хIалтIулъ гIемерал гIолохъабаз гIахьаллъи гьабуниги, гьеб расги бигьаяб иш батичIо. ГIабдулбасирил "Ниваялда" нахъа бан, гIемерал гIолохъабаз гъун, хIалица нахъе цIазе кIвана гьеб. Гьеб къоялъго нух рагьана ва гьевго ГIабдулбасирица машинаги гьенисан бачана. Администрациялъул рахъалдасанги щвана кумек ва квербакъи. Метер гъутIби чIезе ругилан абун, росдал радиоялдасанги кьуна.

Нахъисеб къоялъ сагIат микьгоялда ракIаризе байбихьана киналго гIолохъаби годекIанир. Гьениб СагIитил ГIабдулагьил ГIабдулмаликил тадбиралда ва гьесул нухмалъиялда гъоркь байбихьана гъутIби чIеялъул хIалтIи. ГъутIби чIеялъул къокъа гьес бикьана кIийиде. Цоабилеб къокъа ана живго ГIабдулмаликгун цадахъ школалдехун ва гьениса Сурхайил кIкIалгун эхеде гъутIби чIезе. КIиабилеб къокъа ана ИццгохIдабе ва гьенир гъутIбиги чIун, байбихьана ИццгохIдасан Мусрубизул хIурибе нух бахъиялъул тадбир гьабизе. Гьеб хIалтIи гьабизе букIин цебехун дандбан букIана ГIабдулмаликгун. Гьеб хIалтIул букIана аслияб къачIазе кколеб бакI, Сайпулагьилазул рагьтIасан гъоркье. Гьениб васаз гIемераб хIалтIи гьабуна гьенисан машина бачине кIолеб хIалалда нух гьабизе. Гьелъул мурадлъун букIана ИццгохIдаса машина бачине Мусрубизул хIурибе ва гьенисан Лъогобехун машина унедухъ гьабизе. Гьеб мурад тIубанин абизе бегьула. "Нива", "УАЗ" тайпаялъул машинаби унеб хIалалда гьабуна гьеб нух. Ва хадубги гьеб нух лъикI гьабиялда тIад нилъ ургъилин ккола. Гьениб берцинго гамачI баялъул хIалтIи гьабилинги ккола гIарац бакIарун батаниги кириялъухъ батаниги. Машина бачиналъул кIвар нилъеда бихьулеб бугоха. Гъамсукь росу балеб буго гьеб машина бахъине кIолеб бакIалда. Гьединлъидал, гьел нухал машинаялъе рахъарал рукIинчIо абулел цо-цо гIадамал битIарал гьечIо. Хуршил МухIамадица гьел къватIал гьоко бачунедухъ гьарун рукIана. Гьесул заманалда гьакал рукIана жакъасел автомашинаби. Мусрубизул хIурибе гьеб нух гьаби тарихияб ишлъунги ккола. Гьеб къоялъул хIалтIи лъугIанин абун тезе бегьула Мусрубизул хIуриб.

Ва амма хутIана цадахъ гIодобчIей, кванай ва хIухьбахъи гьаби. Мажгиталда къаде какги бан, ана ХицIире. Гьенибго дандбана гьадинабго субботник щибаб соналъ цIигьабиялъул ва гIахьаллъулел гIадамал цIикIкIинариялъул суал.

Аслияб хабар ккана гьел чIарал гъутIби цIунулел гьечIолъиялъул, гьел лъалъалел гьечIолъиялъул, гьел гIиялцIцIани-гIачияз кванаялъул хIакъалъулъ, гьел гIадамаз ахIун толел рукIиналъул, хIатта гьел гъутIби цIаялги ракун рухIиялъулцин руго хIужаби. Гьеб кинабго дандбана гьениб. Гьел гъутIби цIунизе, гьезда хадуб хъулухъ гьабизе гIадамал телъулги хабар ккана. Гьайгьай, цере-церехунги толарого рукIинчIо. Церехунги гьел толаан, ва амма гьез гьеб жидеда тIадкъараб ва жинцаго кириялъухъ гIадин тIад босараб хIалтIи тIубан батичIо. Гьеб кинабго дандбана ва хIисабалде босана гьединал гъалатIал хадурккун риччачIого тезе. ГъутIби чIей ва нухал-къватIал къачIай кигIан кIвар бугел хIалтIаби ратаниги, гьел цохIо нилъер сугъулдерил бугеб тадбир гуро.

Нилъер гIоларел рахъал цIакъго гIемерал ва цIакъго захIматал руго. Гьезул хIакъалъулъ хъвалеб гьечIо гьаб макъалаялда, щай гурелъул гьаб макъала буго хас гьабун гьел гъутIби чIеялда, гьел нухал-къватIал къачIаялда хурхараб. Ахиралдаги бокьилаан киналго гьенире рачIаразе ва гьенир гIахьаллъаразе баркала кьезе ва гьединго рачIине цIакъго бокьунги букIун рачIине рес ккечIезеги буго гьединго баркала. Ва гьединаб субботник лъагIелалда жаниб цо нухалъ гуребги, жеги гIемерлъиялдаги буго гIемерал гIадамазул хьул. Гьаб соналъул субботник доб цебехун хъвавухъе букIана дагьаб кIвар бугеблъун ва батIияблъун, церехун рукIарал дол субботниказдаса - гваяздаса. Аслияб куцалда лъабго хIужаялдалъун. ТIоцебесеб, гьеб буго дол цересел соназго гIадин гъутIби чIей, росулъ ва росдада аскIор. КIиабилеб, гьеб буго росулъ жаниб бугеб къватIккун Мусрубизул хIурибе нух гьаби, рагьи. Лъабабилеб, гьеб буго гьир-юк баччулел гьитIинал машинабазул бетIергьабазул цолъи-профсоюз гIадинаб жо гIуцIизе хIукму ккей. Гьабураб кинабго хIалтIи буго кири щвеялда ва росу цIилъиялда хьулгун гьабураб.

***ИНИЦИАТИВИЯБ КЪОКЪА***

# Гьуинлъи, гъункиялъул нух

**1 маялда, МахІачхъала шагьаралъул Афгъаназул паркалда тІобитІана иргадулаб (исанасеб ккола анлъабилеб), нилъер росуцоязда гьоркьоб гІуцІараб мини-футболалъул рахъалъ чемпионат. Исана гьениб гІахьаллъи гьабуна микьго командаялъ (гъоркьиса букІана анлъго). Чемпионат ана хІажат гьечІел дагІба-рагІиял ва лъугьа-бахъинал ккечІого, спорталда чара гьечІеб гъира-шавкъгун, гІуцІараб къагІидаялда, берцинаб хІалалда.**



ГІезегІан хІалуцарал хІаязул хІасилалда тІоцебесеб бакІ ккуна "Майдан" командаялъ, кІиабилеб бакІалде бачІана "Горцы" команда, лъабабилеб хІурматияб бакІ щулаго ккуна "Новый Согратль" командаялъ, ункъабилеб бакІ лъихъениги кьуризе биччачІо "Пахтакор" командаялъ. Бергьаразе рукІана хІурматиял грамотаби, медалал ва кубкал. Гьезда цадахъго рукІана гІарцулал сайгъаталги: тІоцебесеб бакІ ккураб командаялъе - 30 азарго гъуруш; кІиабилеб- 20 азарго гъуруш; лъабабилеб - 10 азарго гъуруш; ункъабилеб - 5 азарго гъуруш. ГІарцулал сайгъатал (кІиаза-азар гъуруш) чІезарун рукІана батІи-батІиял номинациязеги (бищун лъикІав гъужумалъулав, бищун берцинаб гол кьабурав ва гь.ц.) Киналго гІахьалчагІи хьезарун рукІана квен-тІехалдалъун, бокьаразе рукІана берцинаб хІухьбахъиялъеги гІатІидал ресал. Чемпионат гІуцІарал ва гьелъие материалияб квербакъи гьабурал росуцоязул сияхІ буго гьадинаб: "Сугъралъ росу социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетІеялъул Фонд" ва "Сугъралъ" агрофирма, КІичев (ПатихІил) МухІамад ("Сугъралъ" лъим), Сагитов (Жавадил) МухІамад, Хазамов ХІамзат, Дибиров ГІабдулагь ("Жилье-Инвест" ралел бакІазул компания), Юсупов (ГІумарил) Керим (ООО "Гермес-Трейд"), АбдулхІалимов ХІасан (ООО "Крепость"), ГІалиев Шамил (кафе "Мангал"), МахІадов Шамил (ООО "Эксперт- Энергосервис"), Энхов Заур ("Афина" мебельнияб фирма), АбдурахІимов Мурад, МухІучев Манап, АхІмад ва МахІач Агъаевал (Улубил васал). Баркала киналго гІахьалчагІазе, гьеб лъикІаб тадбир гІуцІун иналъе квербакъаразе. Росу буцІцІаги, росуцоял гъункаги, цІикІкІаги лъикІал ишал, рикІкІалъаги рикьикьал.



# «Как свет маяка»

**Сегодня мы вспоминаем о Захраловой (Абашиловой) Раисат Магомедовне. Кто-то из коллег назвал ее "солнечным человеком" - чье назначение на этом свете - нести людям свет доброты, мира и порядка.**
**Опоздала я взять у Раисат интервью. Не думала, что так рано уйдет. Мы часто опаздываем, опаздываем сказать спасибо за оказанную помощь, похвалить за доброе деяние, пока они живые и слышат нас. Поспешить это сделать надо, потому что мы не знаем, есть ли у нас для этого еще один завтрашний день.**



В 1966 году на золотую медаль закончила Согратлинскую среднюю школу и поступила в Дагестанский Государственный Университет на факультет иностранных языков, которую окончила отлично в 1971 году.

Трудовую деятельность начала учителем иностранных языков в средней школе города Буйнакск. Вскоре в редакции городской газеты обратили внимание на активную талантливую девушку, статьи которой все чаще стали поступать в газету и предложили ей перейти туда в качестве литсотрудника. В течение короткого периода работы она прошла в газете путь от корреспондента до заместителя редактора. Участвуя в общественно-политической жизни не только родной газеты, но и города, Раисат обратила на себя внимание жителей и руководства города и в 1981 году на Буйнакской городской партийной конференции коммунисты избрали ее третьим секретарем городского Комитета партии, где она, по сути совсем молодая девчушка, курировала медицину, просвещение, социальный блок вопросов. Затем, на очередной городской партийной конференции ее избрали уже вторым секретарем горкома партии, и круг курируемых ею вопросов возрос намного - прибавились транспорт, правоохранительные органы, общественное питание. Но работой Раисат нельзя было напугать, и она справлялась с нею блестяще. О чем свидетельствуют ее награды и звания.

Вскоре в стране начали происходить изменения, и, казалось бы, непоколебимый Советский Союз распался, и правопреемником его стала Российская Федерация.

Несмотря на изменение структуры государственного управления в стране и ломки старого строя вначале девяностых годов, грамотные опытные кадры, как и всегда, оставались востребованы, и Раисат пригласили на работу в созданный на тот момент высший орган госвласти республики - Государственный Совет Республики Дагестан в аппарат членов госсовета начальником отдела. Но через некоторое время город Буйнакск, частицей которого она стала за долгие годы работы там, а для жителей которого она стала родной, позвал ее обратно. Руководство Республики и большинство жителей города попросили Раисат вернуться в качестве первого заместителя вновь тогда избранного главы Администрации города, где она проработала еще десять лет до самой своей смерти. Жители Буйнакска и сейчас вспоминают ее добрым словом, а некоторые даже со слезами.

В 1966 г. Раисат с отличием окончила Согратлинскую сред-

нюю школу и поступила на факультет иностранных языков ДГУ. Все те замечательные 5 лет Раисат и я жили и учились вместе. Она училась на "отлично". Скромная, честная и благородная, умная и терпеливая моя сестра и подруга, которой нам так не хватает сейчас.

Знакомим Вас с высказываниями ее коллег, товарищей по работе в Буйнакске.

**Зам. управляющего делами администрации г. Буйнакск Галина Арутюнова:**

## Вторая малая Родина

*Буйнакск для Раисат - вторая малая родина. В Согратле, где она родилась, были заложены основы ее характера и знаний. Там она научилась трудолюбию, упорству, несгибаемости. Там душа получила первые уроки добра, справедливости, сопричастности чужой беде и радости.*

*В коллективе Раисат была признанным лидером. Заместитель редактора, председатель профкома, секретарь парторганизации, душа и "жилетка" редакции и типографии. И поэтому весть о том, что она избрана секретарем горкома партии, не удивила, но огорчила ее уже бывших коллег.*

*Организаторские способности и все лучшие качества Раисат Магомедовны не просто проявились сполна на новом поприще, но и были абсолютно востребованы.*

*Идеологическая работа, образование, медицина, социальная сфера - области, которые она курировала. В них Захралова не признавала мелочей, была ответственной, требовательной и принципиальной в решении любого вопроса".*

Еще одно мнение: "*О таком человеке как Раисат Захралова можно говорить и говорить и только хорошее. Но можно охарактеризовать ее и одной короткой, но емкой фразой "солнечный человек", назначение которого на этом свете - нести людям свет доброты, мира и порядка".*

Другое: "*Не всем удается больше тридцати лет проработать в одном городе - начать с журналистской деятельности и дойти до первого заместителя главы администрации города. Жители Буйнакска называют ее "Мать Тереза". У нее своя "программа добра", которая идет от души, от внутреннего интеллекта. Особо опекает Захралова Центр помощи семьям, женщинам и детям, оказавшимся в сложной жизненной ситуации. Он был создан по ее инициативе».*

**Еще мнение - пишет заслуженный работник культуры РД Агалар Джафаров:**

## "Как свет маяка"

*Мне легко писать о Раисат Магомедовне Захраловой, потому что знаю ее без малого 30 лет, как человека умного, ровного, интеллигентного, потрясающей работоспособности и, что гораздо важнее, как женщину мудрую, добрую и милосердную. Достоинств и добродетелей, как говорится, через край. И она их использует во благо людей, на пользу окружающим ее землякам, да и всем, с кем сводят жизненные и бытовые обстоятельства.*

*В Буйнакске ее знает каждый и знает куда идти, когда нужна помощь".*

**Главный врач Буйнакской станции переливания крови Айшат Самедовна** считает, что "Самая трудная профессия - быть человеком".

*«Я благодарна судьбе, что она свела меня с Раисат Захраловой. Первое, что меня поразило при нашем знакомстве, - очень внимательные глаза. Не зря говорят: "Глаза - зеркало души".*

*"Никогда раньше я не встречала такой говорящей внутренней красоты. Есть такое суфийское выражение: "Доброта - в действии, мироздание - в себе", "Бог - в душе, мирское - в руке". Это все о ней.*

*Раисат в переводе с арабского - госпожа, начальник, высокая. Не зря говорят, что по имени Всевышний дает характер. Честный. Непримиримый, строгий руководитель, аристократка в душе, тонкий творческий человек, нежнейшая дочь и мать.*

*Она отдает часть своей души, не требуя ничего взамен.*

*Она - как надежда для тех, кто пал духом, кто потерял веру в себя и в жизнь. Она из тех, для кого чувство исполненного долга - смысл жизни.*

Что же касается наград и регалий, внимания к себе и почестей она не искала. Захралова - заслуженный работник культуры РД, член Союза журналистов СССР и России. Награждена почетными грамотами Российского комитета ветеранов войны и военной службы, Дагестанского Совета ВОВ, Президиума Дагестанского республиканского комитета профсоюзов работников государственных, всероссийского общества слепых за внимание к этой категории граждан.

Вот такое стихотворение посвятила своей подруге Раисат - **Лариса Павлюк:**

***"Тихо золотом кружился листопад***
***Ровно шесть десятков лет назад,***
***В согратлинской сакле у Айшат***
***Родилась моя подруга Раисат.***

***Появилась под созвездием Весами***
***Щедро награжденной небесами.***
***Все в ней гармонично взвешено,***
***Инь и Янь уравновешены.***

***И с умом и с сердцем получилась,***
***Да еще красивой уродилась.***
***Тянутся к ней люди с колыбели***
***Многим служит Раисат примером.***

***Любят ее взрослые и дети***
***К ней идут и в ночь и на рассвете***
***Всем протянет руку в трудный час -***
***Вот такая Раисат у нас.***

В моем архиве есть десяток писем, которые мне в разные время писала Раисат. В них отражается весь ее внутренний мир, ее стремление и чаяния, ее отношение к людям. В своем последнем письме в самом конце она пишет:

"Пусть та помощь, которую мы оказываем людям, вернется сторицей к нашим детям. Амин"

Пусть эта помощь, поможет ей в лучшем мире

***Патина ВАРИСОВА***

***Дорогие читатели, мы продолжаем рубрику "Вопрос-ответ". Каждый из вас может обратиться к нам по телефону или через почту по тем или иным интересующимися вас вопросами.***

*В этом номере на вопросы отвечали: Абдулла КУШЕВ (пресс-служба МФЦ), Раисат ПАТАХОВА (ФОМС), Хадижат ТОЛБОЕВА (юрист)*
***Присылайте вопросы, - мы постараемся найти ответы***



***В случае, когда умирает собственник имущества, а наследников нет, кому и в какой срок передается все движимое и недвижимое имущество?***

Имущество, которое не принято наследниками, называется в законе выморочным имуществом.

В собственность городского или сельского поселения, муниципального района (в части межселенных территорий) либо городского округа переходит следующее выморочное имущество, находящееся на соответствующей территории:

жилое помещение;

земельный участок, а также расположенные на нем здания, сооружения, иные объекты недвижимого имущества;

а также доля в праве общей долевой собственности на указанные объекты недвижимого имущества.

Порядок принятия выморочного имущества в собственность муниципального образования устанавливается нормативным актом соответствующего муниципального образования.

Иное выморочное имущество переходит в порядке наследования по закону в собственность Российской Федерации.

***



***На квартиру было 2 наследника. Сразу после смерти наследодателя заявление написал только один наследник. По истечении двух лет заявление написал и второй наследник. Имеет ли силу его заявление? Имеет ли он право на наследство? По истечении какого срока теряется право на наследство.***

По общему правилу наследство может быть принято в течение шести месяцев со дня открытия наследства (смерти наследодателя) путем подачи заявления нотариусу.

Признается, пока не доказано иное, что наследник принял наследство, если он совершил действия, свидетельствующие о фактическом принятии наследства, в частности если наследник:

вступил во владение или в управление наследственным имуществом;

принял меры по сохранению наследственного имущества, защите его от посягательств или притязаний третьих лиц;

произвел за свой счет расходы на содержание наследственного имущества;

оплатил за свой счет долги наследодателя или получил от третьих лиц причитавшиеся наследодателю денежные средства.

По заявлению наследника, пропустившего шестимесячный срок, суд может восстановить этот срок и признать наследника принявшим наследство, если наследник не знал и не должен был знать об открытии наследства или пропустил этот срок по другим уважительным причинам.

При этом важно, чтобы наследник, пропустивший срок по уважительным причинам, обратился в суд в течение шести месяцев после того, как причины пропуска этого срока отпали.

***



***Человек был доставлен в больницу по скорой, ему отказали в экстренной госпитализации. Как должен выглядеть официальный отказ в госпитализации (что на нем должно быть, какие подписи, печати и т.д.)?***

*Отказ в госпитализации оформляется в "Журнале отказов". В зависимости от жалоб пациента в приемном отделении больной должен быть осмотрен врачами-специалистами, выполнены необходимые (назначенные врачами) лабораторные и инструментальные исследования. Если врачи принимают решение отказать в госпитализации по разным причинам (нет необходимости нахождения в стационаре, отсутствует отделение нужного профиля и т.д.), то в "Журнале отказов" оставляют записи врачи-консультанты, фиксируется информация о результатах лабораторных и инструментальных исследованиях, устанавливается предварительный диагноз и указывается причина отказа. Записи заверяются подписью и печатью врача. Пациенту по его просьбе предоставляется выписка с результатами консультаций специалистов, лабораторных и инструментальных обследований. Выписка оформляется на бланке медицинской организации, заверяется подписью и печатью врача.*

***



***Кто должен оплатить транспортировку пациента из больницы домой?***

Территориальной программой бесплатного оказания гражданам медицинской помощи предусмотрена бесплатная транспортировка пациентов в стационар для госпитализации (при наличии показаний); транспортировка пациентов, находящихся на стационарном лечении, на дальнейший этап лечения или на диагностические обследования в другую медицинскую организацию. Но транспортировка больных из медицинской организации домой осуществляется за счет собственных денежных средств.

***



***Если покупать за свой счет инсулин - ручки, то возмещает ли ОМС эти средства?***

Обеспечение инсулин-ручками - это мера социальной поддержки льготной категории граждан и относится к компетенции не системы ОМС, а министерства здравоохранения, поэтому возмещение данных затрат за счет средств ОМС не предусмотрено.

***



***Что входит в процедуру ЭКО по ОМС, а за что нужно платить?***

Процедура ЭКО (экстракорпоральное оплодотворение) оплачивается из средств ОМС, в том числе и криоконсервация (заморозка) эмбриона. При этом хранение криоконсервированных эмбрионов не осуществляется за счет средств ОМС.

***



***- У нас родился ребенок. Слышали про ежемесячные выплаты на первенца. Можете рассказать об условиях их выплаты?***

Если у вас родился первенец, с начала 2018 года, государство назначает новую ежемесячную выплату. Размер выплаты есть разница в регионах, поскольку он установлен в зависимости от размера прожиточного минимума в субъекте проживания.

Средний размер такой выплаты в 2019 году в республике составляет 10500 рублей в месяц. Обратиться за выплатой можно в любое время в течение полутора лет со дня рождения ребенка. Выплата осуществляется со дня появления малыша, если заявление подано не позднее 6 месяцев со дня его рождения. В остальных случаях - со дня обращения за ее назначением. Выплаты будут производиться до достижения ребенком полутора лет.

***



***У нас земельный участок, хотели узнать, можно ли через МФЦ получить разрешение на строительство?***

Такая услуга имеется, но воспользоваться правом на оформление разрешения на строительство через МФЦ могут далеко не все граждане.

Подобной возможностью обладают:

гражданин или организация, у которых имеется участок земли в собственности;

лица, желающие провести реконструкцию ранее возведенного объекта;

представители лиц, которые могут подтвердить свои права документально.

***



***МФЦ может помочь в оформлении справки для получения стипендии?***

Справку студентам из малоимущих семей для получения социальной стипендии в высших и средних учебных заведениях можно оформить в любом центре "Мои документы" Республики Дагестан.

Для оформления справки, необходимо обратиться в МФЦ со следующими документами:

* паспорта всей семьи, свидетельства о рождении несовершеннолетних членов семьи;

* заключение брака или установление отцовства;

* снилсы;

* справка с места учебы о размере стипендии за 6 месяцев;

* справки о доходах на каждого члена семьи.

При поступлении готового документа в отделение центра МФЦ оператор оповестит вас.

ПРОЗРЕНИЕ

# Мама, прости...

**В силу разных причин (отношение общества, культ спортивно-здорового образа жизни, религиозный фактор и т.д.) потребление спиртного, особенно в молодежной среде, в последнее время неуклонно падает. Но параллельно с этим геометрически растет распространение и потребление наркотических средств, в том числе и страшных по своим последствиям химико-синтетических. Это действительно ставится бичом, острейшей болезнью нашего времени и, если эта ситуация кардинально не изменится, нетрудно представить, в какую необратимую проблему она превратится.**

Вопросы, на которые пока нет однозначных ответов. Ответом на решение одного направления этой большой проблемы (например, возвращение наркоманов к нормальной жизни) явилось создание в нашей республике реабилитационных центров (подобные центры действуют во всем мире). На сегодня у нас действуют около 15 таких центров. Сегодня мы побывали в одном из них (Реабилитационный центр "Трезвая Республика", он расположен в Махачкале и работает уже 3 года). Информацию о деятельности центра нам дал один из его руководителей Фатах Миргиев (АхIмахIажиясул вас).

- Не секрет, что любой зависимый человек (алкоголик, наркоман, игроман) живет в мире иллюзий, в мире самообмана; вся его жизнь - это сплошной самообман. Причем он обманывает не только окружающих людей, в первую очередь, ему важно обмануть самого себя, он всегда дает себе правдоподобные объяснения самым безумным своим поступкам. Почему наркоман всегда говорит, что хоть завтра может бросить потреблять наркотики? Потому что он реально верит в это. Это и есть его нарушенное мышление. В изменении такого мышления и заключается вся сложность. Простая изоляция наркомана недостаточна, нужны хорошие программы и хорошая терапия, нужен его личностный рост. Бросить наркотики одно, гораздо сложнее и важнее не вернуться к ним. Как говорил Альберт Эйнштейн, невозможно решить проблему, оставаясь на том же уровне мышления, на котором она была создана.

Не секрет, что в семье, где есть наркоман, жизнь становится невыносимой, он часто неадекватен, считает, что только он прав, а весь окружающий мир почему-то против него. Тут уже не стоит особо церемониться, просто надо выдернуть его из этого образа жизни и закрыть в таких центрах, прекратить полный доступ к наркотикам. Как показывает моя практика, мой опыт, такого плана центры - единственный выход из ситуации. 99% наших пациентов попадает сюда против своей воли, как правило, их сюда приводят отчаявшиеся, перепробовавшие все методы родители.

В центре наркоману помогают жить без наркотиков, адаптироваться в нормальном обществе. Для этого у нас есть сертифицированные, дипломированные специалисты. Ребята, которые в свое время сами прошли этот путь, проводят терапию - психотерапию, читают курс лекций, проводят всевозможные тренинги. Основной акцент в работе делается на какой-то духовный переворот в сознании человека, на его возвращение к полноценной жизни. Соблюдается полная анонимность, услуги платные, но цена варьируется в зависимости от ситуации.

С нами можно связаться в любое время суток по этим телефонам: 8-964-575-66-66 (Фатах) и 8-999-601-22-22 (Махач) по любым вопросам. Консультации бесплатные, выехать можем в любой регион республики (были случаи выезда и в соседние регионы).

Около года консультантом в Центре работает Алисултан (имя изменено), ему около 40 лет, в прошлом долгие годы потреблял наркотики. Сохраняя анонимность, я попросил его предельно откровенно рассказать о своем пути.

- Курить я начал в 9 классе. Еще в маленьком возрасте, у кого-то дома, я умудрился сделать глоток водки, и мне стало противно - я удивился, как с такой легкостью люди его пьют. В 10 классе, на дискотеке я впервые попробовал пиво, и мне понравилось это состояние раскованности, легкости.

Так потихоньку я пристрастился к алкоголю. А на первом курсе я с ребятами попробовал марихуану, покурил анашу, и мне опять понравилось - все очень легко, нет запаха, хорошо. Вот так я забыл про спиртное и пристрастился к анаше. В один день, когда хотели купить очередную дозу и не могли ее достать, знакомый предложил нам таблетки (трамал). Хотя у меня и был какой-то страх перед химическими наркотиками, мы поехали в одну аптеку, купили таблетки, и я их попробовал - это не алкоголь, не марихуана. Мне стало очень хорошо и так я, шаг за шагом, втянулся, начал их потреблять с большей и большей дозой. Больших проблем ни с здоровьем, ни с деньгами, ни с родными тогда еще не было, но близкие уже подозревали, что со мной происходит что-то нехорошее. Вот так 4 года я потреблял трамал, но в одно время его невозможно стало достать, и мне реально было очень плохо, меня беспокоили ужасные ломки. И вот в один день я встретил ребят - соседей (я знал, что они кололись) и объяснил им свое состояние. Они тут же предложили опиум. До этого я не трогал свои вены и был страх перед таким наркотиком, а они настаивали, говорили, что все будет нормально. И я дал руку, дал вену... И мне сразу стало хорошо.

Вот так я подружился с героином. Однажды приехал мой друг с Москвы и предложил поехать с ним туда, заработать приличные деньги, хотя и не сказал, каким образом. Я очень крепко сидел на героине, был в замкнутом кругу,



откуда не виден был выход. В такой вот ситуации, не послушав родных, как всегда, поступив посвоему, я поехал в Москву. В один день он предложил мне поехать с ним, забрать машину у его должника. Мы поехали, и нагло, применив оружие, забрали у коммерсанта его дорогую машину. Появились легкие и большие деньги, купили хорошую машину, и у меня появилась иллюзия безбедной, беспроблемной, беззаботной жизни. Все казалось очень простым - поехал, угрожая оружием забрал все, что надо, и живи, не зная проблем, шикарно. Что тут скажешь, дураком же был.

Потом вернулся в Дагестан, естественно, продолжал потреблять наркотики и здесь узнали, что я был объявлен в розыск. В это время умер мой отец, хотя я однозначно знал, что ускорил его смерть, меня даже это не остановило, принимал наркотики. Но в один день меня взяли сотрудники, и мне дали срок. В какойто мере, я даже обрадовался этому - думал, хотя бы в тюрьме я избавлюсь от наркотиков. И действительно, там я их не потреблял, это может выглядеть смешно, но я даже поправился и коекак пришел в себя, и каждый день давал себе слово, что, выйдя на свободу, не буду потреблять наркотики.

Отсидев 5 лет, вышел на свободу и надо же, в первый же день ко мне приехал "друг". Мы покатались по городу, и вот он вытащил с кармана сверток... И все. Я показал свое бессилие перед соблазном, перед наркотиками и в один миг все опять повернулось туда же. Я уже не мог остановиться. Думая сегодняшним днем, уму непостижимо, где я доставал деньги и наркотики, но какимто образом, не работая нигде, я их доставал. Эта нереальная одержимость наркотиками, больная голова, нарушенная психика делают с тобой все, заставляют переступать все человеческие и моральные принципы.

Со временем мне уже по-настоящему стало очень плохо, я чувствовал, что вот-вот "откину коньки", я не знал что делать, к кому обратиться. Пробовал заниматься спортом, начал делать намаз, но быстро все это бросал и опять брался за наркотики. Не понимал, просто перестал понимать, что со мной происходит. И в один день я попросил родных уложить меня в больницу, поставить капельницу, сделать хоть что-нибудь, хоть чем-нибудь помочь мне, спасти меня. Меня уложили, провели какие-то процедуры и как оттуда вышел, встал вопрос: а что дальше? Я прекрасно понимал, что у меня нет силы воли, чтобы самому справиться, бросить наркотики. Я знал, что у нас есть такие центры и как последняя надежда я попросил уложить меня в этот центр.

Попал сюда и сразу почувствовал какую-то теплоту, увидел таких же, как и я, людей, тех, у кого такие же проблемы, как и у меня. Это 12 шаговая программа для наркоманов - анонимов. Она реально помогает перебороть наркозависимость. Она учит жить с этой болезнью, пресекая ее активность, переломав тягу к наркотикам. Всевышний помог мне, я попал в этот центр, полежал здесь 90 дней, и мне это очень сильно помогло. И вот уже год как сам работаю здесь консультантом, помогаю таким же, каким я сам был совсем недавно.

- Алисултан, есть классические определения: бывших наркоманов не бывает и что у наркомана две дороги - тюрьма и смерть. Ты согласен с этим?

Дорог три - тюрьма, больница или смерть. А насчет того, что бывших наркоманов не бывает,



ПРОЗРЕНИЕ

# Мама, прости...

могу сказать так - все зависит от него самого. Если он реально хочет бросить, то он бросит, и в этом ему могут помочь вот такого рода реабилитационные центры.

- У тебя богатая, но малопривлекательная биография. Что является самым глубоким дном, куда ты опустился?

- Сам факт, что я стал наркоманом, неуправляемым человеком, ненавидел всех и вся, даже хотел руки на себя наложить;

- потеря отца;

- то, до какого состояния довел свою мать;

- то, что наркотики довели меня до тюрьмы.

- Говоря прямым текстом, тебе не сложно смотреть в глаза матери, не стыдно перед ней?

- Отвечая так же прямо, могу сказать: я своими делами довел ее до такого состояния, что сегодня во мне, внутри меня все горит. Вот прихожу домой, смотрю на нее и думаю, какой же я г...но, что я с ней сделал. Только в последнее время я стал замечать на ее лице улыбку, и эта ее бесценная улыбка во многом мотивирует меня.

- А где, в чем гарантия что ты и в дальнейшем не прикоснешься к наркотикам?

- Гарантий нет, все зависит только от меня. У меня нет тяги, я даже не допускаю мысли, что вернусь к наркотикам, даже думать об этом не хочу. Если даже передо мной будут наркотики, и я протяну к ним руку, у меня не будет другого варианта, кроме как отрубить эту руку. Это я говорю вполне обдуманно и искренне. У меня просто нет другого выбора.

- Может, скажешь несколько слов в адрес тех, кто сегодня потребляет наркотики или потенциально может завтра их применить?

- Тот, у кого внутри есть свое "Я", своя мужская гордость, тот никогда не возьмется за наркотики. А те, кто уже потребляет наркотики, наркоманы со стажем, они не понимают всю сложность проблемы, не осознают все последствия своего пристрастия, своей болезни. А реабилитационные центры - это реальный выход, и я их попросил бы, не откладывая, лечиться в таком центре. Конечно, центры не дают 100-процентной гарантии, но тут 50 на 50, в этом сомнений нет.

При этом мало кто из наркоманов добровольно ложится в такие центры, но это надо делать любыми способами. Многие родители, даже зная, что их дети потребляют наркотики, дают им деньги. Никогда не надо этого делать, тут надо проявлять "жесткую любовь", с ними надо быть жестче и без всякого укладывать в Реабилитационный центр.

*Абаш АБАШИЛОВ*

АВАЛ-РАКЬ

# Бихьараб захIматаб, кватIараб рахIатаб

**Цевехун гIезегIан щвараб, гьитIинабго, лъабго-ункъо хъизамалъ (ТIинсо Жаватхан, Исрапсо ГIабдулагь, НухIулов НурмухIамад) гIумру гьабулеб ХIирил рагIала хъутаналде щвечIого букIана чанго сон. Дагьаб цебе (апрель моцIалда) гьениве щвезе рес ккана. РещтIен гьабуна НухIулов НурмухIамадил рокъоб, гара-чIвари гьабуна гьесул хъизан Аминатилгун (80 сон).**

**- Аминат, нилъер лъайхъвайги гьабин абизе гIураб букIинчIониги, гьале жакъа ниж щвана духъе. Жанире лъугьун НурмухIамадил квер бачун, хош-баш гьабун лъугIилалде, дур беркал щвана столалде тIаде. Киса гьединаб гьунар-бажари, тирилъи-чIаголъи?**

- Вай те, вай те, гьедин кIудахIудаб жого гурогури гьеб. Нижее рокьула гьалбал, тIаде чи камураб мехги гIемер букIунаро, гьединлъидал берказе горчалги рукIана цереккунго хIадурун. ТIаде вачIарав гьобол кваначIого къватIиве витIизе бегьилищ? Бегьиларо. Столалда тIад щибниги лъезе кколарищ? Ккола. Кинабго буго Аллагьас нилъее кьураб, кьечIеб босизе бакI нилъер букIунаро.

**- Дур буго 80 сон. Амма дуда, дур чIанкIалда балагьун, реццалъе абулеб жо гуро, дуе кьеларо гьел сонал...**

- ГIезегIан операциялги гьаруна дие, сахлъиги гьедин цIакъаб батиларо дир. Бицинищ къокъ гьабун. Доб къебелъухъги лъадаруларищ нусал, харицелал ва цогидаб алат, лъадарун хадуб дозул букIунеб къвакIиги дудаго лъала. Дун жеги цIакъго гьитIинго йигеб заманалдаго эменги (Сайпулагьил ГIумар) хун, хIалтIи гьабизе ккана цIакъ гIемераб. Гьеб хIалтIул щегIиялъ ва Аллагьасул квербакъиялъ щвараб батила дир бугебго сахлъи. Дица дуда бицина цоги жо. Гъоркьияб си бугеб бакIалда доб мехалъ букIана буртби гьарулеб цех, гьениб букIана гьел релъизе бугеб маххул кIудияб раса. ТIубараб къоялъ нижеца гьенибе баччулаан КIкIубериса лъим. Къаси рокъоб, цIакъго кватIизегIан самизе кколаан квас, радал гьебги щвезабулаан гъобго цехалде. Гьединаб букIана доб мехалъ, росасе инегIанго, гьитIинай ясалъ гьабизе кколеб хIалтIи. ХIисаб гьабеха дуцаго.



**- ЦIали цIикIкIараб бугищ дур?**

- ЛъугIана лъабго класс. ГIезегIан бокьун букIана хадубккунги цIализе, аммахур-хералъулги, гIачи-бачазулги хIалтIуца кьечIо гьединаб рес. Радал гIачиязда, цинги школалде, гьениса щварабго цойги хIалтIи, цIализе заманго кида гьеб букIараб. БукIинчIо. ЦIализе заманги букIинчIо, эбелалъ йиччазеги йиччалароан, кинха йиччалей лъугIелго гьечIеб хIалтIи рокъоб бугеб заманалда.

**- ГIолохъанго нуж гочун руго гьанире, ХIирил рагIалуре (1965 сон). Гьеб захIмат росулъги бихьун гьание щведал бигьа рагIун букIинчIищ? Амма дуца абулеб буго гочиналдаса гIемер разилъичIин абун, щай?**

- ЗахIмалъиялда хадуб щвараб бигьалъиги гIемер лъикI букIинаанха, амма ниж гIемер бизар гьаруна колхозалъ, цIцIуна кIкIараялъ би гIадин, кIвекIана ясагъазги. ЧIалгIун кинабго, барщун чанго нухалъ тIадвуссун нахъе инехъингицин вукIана НурмухIамад, гIемер гьарун кIвана чIезавизе. ГIемер ракIбакъвазабиялъ бигьалъиго лъазе течIо.

**- Нужер буго 9 лъимер (6 яс ва 3 вас), кин кIвараб гьеб кIудияб магIишат нухда бачине?**

- Балагье гьаниве - гьаб бакIаса гьал килщал, килщазул малъал рагьун рукIунаан дир гIемерал ретIел-хьит чуриялъ. ГьабсагIаталда гIадин, доб мехалъ киналгIаги шартIал, бигьалъаби рукIинчIо гьанир, кинабго гьабизе кколаан гьал квераз. Кин бугониги, Аллагьас гIемер лъикI хьихьана, аскIор ругел гIадамалги кирго ккана лъикIал, кумек бугел. Кинабго жеги лъикI букIинаанха гьал киналго цIалун рукIаралани, гьазие тIадегIанаб цIали щун букIарабани. Щибха гьабилеб, ккечIо гьедин.

**- Цояз цIакъ беццула, цояз жеги цIакъ какула доб советияб заман, гьединабго хIал буго гьаб заманалъе кьолеб къиматалъулги. Дуца щиб абилеб?**

- Цебе гIадамазул, язихъгомискинго ругониги, гьуинлъи, цоцазе кумек гьаби букIана. Гьаб заманалда, бечелъиялъ гIадамал дагьал цоцаздаса рикIкIад гьарулел руго. Кин бугониги, гIумру-магIишаталъе, рукIа-рахъиналъе гьаб мех лъикIаб, эркенаб буго. ГьечIо кинабгIаги хIалзулму, мун гьукъун гьечIо гIачибачал хьихьизе, хур-хер бекьизе, бокьараб цоги магIишат гьабизе. ГьечIо хIалгьабун мун хIалтIизе тIамулев чиги.

**- Лъимал мун разиял лъугьанищ?**

- Киналго лъикIал руго, гIайибчIвазе бакI гьечIо, Аллагьас гIемер лъикIаб нухде рачана гьел. Вас вокьани, йокьизе ккола нусги, яс йокьани, вокьизе ккола дурцги - нижер нусал-дурцабиги руго цояздаса цоял цIакъал, лъикIал. Гьеб рахъалъ кинабго буго гIемер лъикI, къватIибе бахъизе бегьуларелда тIад итуги бахъизе бегьулелъул, гьелда тIадги дица лъун буго кIудияб гьецIеб.

**- Жакъа нужер бугеб магIишат рехсезе бегьулищ?**

- 20-гIанасеб гIанкIу, ункъо хIелеко, кIиго гIака.

**- Пенсиялъул къадар балъголъи бугищ?**

- Щай балъголъи букIунеб, гьечIо, щола 14 азарго гъурущ. ИчIго лъимер гьабурай дие букIана 4.5 азарго гъурущ, гьеб гIарац кьезе нечезецин нечолароан хIукумат. Гьанже гьеб цIикIкIинабуна, бахана 14 азаргоялде, гьелдаги шукру гьабула дица, гIола гьеб-добалъе.

**- Дуца рикIкIараб магIишаталда гьоркьоб буго ункъо хIелекоги. Нилъ харбида рукIаго, гьезул цояб хьагинибе ккелародай, барахщилищ?**

- Валлагь гIумруялъ букIинчIо барахщи абураб жо, дида лъазего лъаларо гьеб. Гьеб хIелекоги, хIулизе дагьаб беркъай гурони, тIокIаб щибниги къварилъи гьечIо.

**- Дуца бицадухъе, гьитIинаб мехалдаги гIезегIан захIмалъи бихьун буго дуда, хадусеб гIумруги гIемер бигьаяб букIун гьечIо. ГIаммаб куцалда босун, нахъе тараб гIумруялдаса мун рази йигин абизе бегьулищ?**

- Бегьула. Нилъеда бихьула бихьизе хъвараб, захIматги бихьичIого, къварилъиги хIехьечIого букIунаро гIумруялда жаниб. ХIасил гьабун, Аллагьасе шукру, гIемер лъикI йиго, гIемер рази йиго. Бичасги биччани, хIалги кьуни, исана хIежги борхизе буго.

**- Росулъе ракI цIалищ?**

- Валлагь цIала. Сах-саламатго хIежалдаса юссани, бокьун буго эхедеги ине.

**- Жакъа дица нужер заманги хвезабуна, дур беркалги кванана, нужее баркалаги кьун ине заманги щвана. Унаго дида абизе кинал рагIабидай дур рукIина?**

- Хаду-хадувги гьедин вачIине гьесизавеги мун. ВачIине вугеб заманги цебеккунго лъазабе - хъун хIелекогун гьеб хьагинубе рехун букIине...

*Гара-чIвари гьабуна*
***ГIабаш ГIАБАШИЛОВАС.***

# РахIматалъул моцI - кIудияб хьул

**Хириял диналъул вацал ва яцал, хIурматияб сугъулдерил жамагIат. ТIоцебесеб иргаялда, бокьун буго ракI-ракIалъго баркизе нилъеда тIаде бачIараб гьаб хирияблъун бугеб рамазан моцI, Аллагьас бачIараб батаги баракатгун, рахIматгун, Аллагьас нилъ киназего тавпикъги кьеги гьаб моцI берцинго, Аллагь разияб хIалалда нухда тIобитIизе, нилъер хвараздаса Аллагь тIаса лъугьаги, гьезул мунагьалги чураги.**

Диналъул вацал ва яцал, гIорхъолъа араб шукруги реццги буго Аллагьасе, нилъее рес кьурав гьаб хирияб моцI кIодо гьабизе. Аварагасул (гIалайгьи салату ва салам) хирияб хIадисалда буго: "Рамазан моцI бачIиндал алжаналъул каваби рагьула, жужахIалъул къала, шайтIабазда рахсал рала", - абун (Бухари). Хирияб хIадисалда буго: "Рамазан моцI бачIиндал алжаналъул кавабиги рагьун, Аллагьасул рахъалъан ахIулес ахIула: "Ле, лъикIлъи бокьарав чи, мун лъикIаб гIамал гьабиялде Аллагьги кIодо гьавун, гьесул амруги цIунун къад къоялъ кIал кквезе ва кIал хвезабулелщинал жалаздаса рикIкIалъизе. Нилъеца цIакъ яхI бахъизе ккола Аллагьасе хIакъ тIубазе, нилъер берзул кунчIилъун бугеб диналъул рукну тIубазе. Амма нилъеда гьоркьор ратулел руго кIал кколарелги, гьеб тIаса-масаго толелги. Гьедин рукIине бегьиларо. Унтарав чиясда кIал кквезе тIалъуларо, сахлъидал бецIила, сахлъиялде хьул гьечIони, щибаб къо рикIкIун ролъул муд кьела. КIалалъул хIакъалъулъ нилъер хирияв аварагас (гIалайгьи салам) абун буго гьадин: "Щив чи вугониги жинца рамазан моцIалъ кIал ккун, Аллагьасе гIоло, гьев чиясул Аллагьас цере гьарун аралщинал мунагьал чурула", - ян. (АхIмад).

Рамазан моцIалда жанибги буго цо сордо, гьабураб гIибадат азарго моцIалъ гьабуралда бащалъулеб. Гьебги буго "Лай латул Къадр". Бихьулищ, Аллагьас нилъее кьун бугеб талихI. ТIубараб моцIалъ къад кIал ккун, къаси Аллагь рехсон, Къуръан цIалун, зикру бачун борчIани, вусса. Ва, квешлъи гьабулев, дуца квешаб гIамал рехун те", - ян. Аллагьас гьаб моцIалда жанир жужахI жидеда тIадал гIадамал жужахIалдаса тархъан гьарула. Балагьеха, диналъул вацал ва яцал, Аллагьас нилъее, нилъ хвасарлъизе гьабун бугеб щинаб кIодолъиги тIадегIанлъиги. Аллагьасул рахъалъан нилъеде бугеб амру буго нилъеца цере гьарурал мунагьалги чуризехъин руго ва азарго моцIалъ гIибадат гьабураб кириги щвезехъин буго. Рамазан моцIалда жаниб буго хасаб как, ай таравихI. Гьебги лъикIаб буго мажгиталда жамагIатгун базе.



Рамазан буго садакъаялъул, лъикIлъиялъул, гьуинлъиялъул, цоцазда тIаса лъугьиналъул,



гIагарлъи хурхинабиялъул моцIги. Хъизан-лъималазе аваданлъи-гIатIилъиги цIикIкIун гьабизе ккола гьаб моцIалъ. Гьединго хваразухъе зияраталги гIемер гьарила. Аллагьасдаги гьарила гьезул мунагьал чурагийилан. Рамазан моцI лъугIидал, кIалбиччанкъоги кIодо гьабила. Рогьел баккаралдаса нилъерго черхалдаса чIужу-лъималаздаса закагIатги бахъила. Черхги бацIцIад гьабун, гIидалъул какдеги ина. Цинги гIага-божаразухъе ина кIал къабул гьабун, чIахIиял чагIазухъе щвела зияраталъ, тIаде рачIарал гьалбадерида разияб гьумергун дандчIвай гьабила. Лъимал-хъизанги рохизарила. Гьеб буго нилъее рохалилаб къо, гьуинлъи-вацлъиялъул къо, цоцазда тIаса лъугьиналъул къо. Аллагьасе гIололъун цоцазда тIаса лъугьинеги цIакъго рекъараб букIина. Гьоркьоб ккараб жо батани, гьебги Аллагьасде тIамун, тIаса лъугьина. Нилъер тушман иблис бохизе тезе биччаларо. Аллагь рази гьавила.

ГIидалъул къоги нухда тIамила берцинго, хIалалаб нухдасан. Столалда тIадги лъезе бегьиларо Аллагьас хIарам гьабураб щиб бугониги. Аллагь разияб къагIидаялъ тIобитIизе ккела байрам. Аллагьасдаги гьарила нилъер чIагоязулгун хваразул мунагьал чурагийин, гIагаралгун божарал сахлъиялда тагийин, гьабулебщиналда баракат лъегийин.

Аллагьас нилъги нилъер росу-жамагIатги цIунаги балагь-къварилъиялдаса, Аллагьасул дин кквезе, аварагасул суннаталда рекъон хьвадизе тавпикъги кьеги нилъее.

*МухIамадил вас ГIУМАР,*
*росдал имам*

## РУЗНАМА

**И Ю Н Ь** АНДАЛАЛ

| Къоял | Рогьла | Бакъ бакки | Къаде | Бакъаниде | Марк1ач1. | Боголиде |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2:37 | 4:18 | 11:50 | 3:52 | 7:25 | 9:03 |
| 2 | 2:37 | 4:18 | 11:50 | 3:52 | 7:25 | 9:03 |
| 3 | 2:36 | 4:17 | 11:51 | 3:53 | 7:27 | 9:05 |
| 4 | 2:35 | 4:17 | 11:51 | 3:53 | 7:27 | 9:06 |
| 5 | 2:35 | 4:16 | 11:51 | 3:54 | 7:28 | 9:07 |
| 6 | 2:34 | 4:16 | 11:51 | 3:54 | 7:29 | 9:08 |
| 7 | 2:34 | 4:16 | 11:51 | 3:54 | 7:29 | 9:09 |
| 8 | 2:33 | 4:16 | 11:52 | 3:54 | 7:30 | 9:10 |
| 9 | 2:33 | 4:16 | 11:52 | 3:54 | 7:30 | 9:10 |
| 10 | 2:33 | 4:15 | 11:52 | 3:55 | 7:31 | 9:11 |
| 11 | 2:32 | 4:15 | 11:52 | 3:55 | 7:32 | 9:12 |
| 12 | 2:32 | 4:15 | 11:52 | 3:56 | 7:32 | 9:13 |
| 13 | 2:31 | 4:15 | 11:53 | 3:56 | 7:33 | 9:14 |
| 14 | 2:31 | 4:15 | 11:53 | 3:56 | 7:33 | 9:14 |
| 15 | 2:31 | 4:15 | 11:53 | 3:56 | 7:33 | 9:15 |
| 16 | 2:31 | 4:15 | 11:53 | 3:57 | 7:34 | 9:15 |
| 17 | 2:31 | 4:15 | 11:53 | 3:57 | 7:34 | 9:15 |
| 18 | 2:31 | 4:15 | 11:54 | 3:57 | 7:34 | 9:16 |
| 19 | 2:31 | 4:15 | 11:54 | 3:57 | 7:35 | 9:16 |
| 20 | 2:32 | 4:15 | 11:54 | 3:57 | 7:35 | 9:17 |
| 21 | 2:32 | 4:15 | 11:54 | 3:58 | 7:35 | 9:17 |
| 22 | 2:32 | 4:16 | 11:55 | 3:58 | 7:35 | 9:17 |
| 23 | 2:32 | 4:16 | 11:55 | 3:58 | 7:36 | 9:17 |
| 24 | 2:32 | 4:16 | 11:55 | 3:58 | 7:36 | 9:17 |
| 25 | 2:33 | 4:17 | 11:55 | 3:58 | 7:36 | 9:17 |
| 26 | 2:34 | 4:17 | 11:55 | 3:59 | 7:36 | 9:17 |
| 27 | 2:34 | 4:17 | 11:56 | 3:59 | 7:36 | 9:17 |
| 28 | 2:35 | 4:18 | 11:56 | 3:59 | 7:36 | 9:17 |
| 29 | 2:35 | 4:18 | 11:56 | 3:59 | 7:36 | 9:17 |
| 30 | 2:36 | 4:19 | 11:56 | 3:59 | 7:36 | 9:16 |

**И Ю Н Ь** МАХАЧКАЛА

| дата | утренний | всх.солнца | обеденный | послеобед. | вечерний | ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2:31 | 4:14 | 11:49 | 3:53 | 7:24 | 9:08 |
| 2 | 2:30 | 4:14 | 11:49 | 3:53 | 7:24 | 9:08 |
| 3 | 2:29 | 4:13 | 11:49 | 3:53 | 7:25 | 9:10 |
| 4 | 2:28 | 4:13 | 11:50 | 3:54 | 7:26 | 9:11 |
| 5 | 2:28 | 4:12 | 11:50 | 3:54 | 7:27 | 9:12 |
| 6 | 2:27 | 4:12 | 11:50 | 3:54 | 7:27 | 9:13 |
| 7 | 2:27 | 4:12 | 11:50 | 3:55 | 7:28 | 9:14 |
| 8 | 2:26 | 4:11 | 11:50 | 3:55 | 7:29 | 9:15 |
| 9 | 2:26 | 4:11 | 11:50 | 3:55 | 7:29 | 9:15 |
| 10 | 2:26 | 4:11 | 11:51 | 3:55 | 7:29 | 9:16 |
| 11 | 2:25 | 4:11 | 11:51 | 3:56 | 7:30 | 9:17 |
| 12 | 2:24 | 4:11 | 11:51 | 3:56 | 7:31 | 9:18 |
| 13 | 2:24 | 4:11 | 11:51 | 3:56 | 7:31 | 9:18 |
| 14 | 2:24 | 4:11 | 11:52 | 3:57 | 7:32 | 9:19 |
| 15 | 2:24 | 4:11 | 11:52 | 3:57 | 7:32 | 9:20 |
| 16 | 2:24 | 4:11 | 11:52 | 3:57 | 7:33 | 9:20 |
| 17 | 2:24 | 4:11 | 11:52 | 3:57 | 7:33 | 9:20 |
| 18 | 2:24 | 4:11 | 11:52 | 3:58 | 7:33 | 9:21 |
| 19 | 2:24 | 4:11 | 11:53 | 3:58 | 7:33 | 9:21 |
| 20 | 2:24 | 4:11 | 11:53 | 3:58 | 7:34 | 9:22 |
| 21 | 2:24 | 4:11 | 11:53 | 3:58 | 7:34 | 9:22 |
| 22 | 2:25 | 4:11 | 11:53 | 3:58 | 7:34 | 9:22 |
| 23 | 2:25 | 4:12 | 11:54 | 3:59 | 7:34 | 9:22 |
| 24 | 2:25 | 4:12 | 11:54 | 3:59 | 7:34 | 9:22 |
| 25 | 2:26 | 4:12 | 11:54 | 3:59 | 7:34 | 9:22 |
| 26 | 2:26 | 4:13 | 11:54 | 3:59 | 7:35 | 9:22 |
| 27 | 2:27 | 4:13 | 11:54 | 3:59 | 7:35 | 9:22 |
| 28 | 2:28 | 4:14 | 11:55 | 3:59 | 7:35 | 9:22 |
| 29 | 2:28 | 4:14 | 11:55 | 4:00 | 7:34 | 9:21 |
| 30 | 2:29 | 4:14 | 11:55 | 4:00 | 7:34 | 9:21 |

РАКІАЛДЕЩВЕЙ

# ГІъаялъе кьучІ, тарбиялъе аслу

*(Байбихьи цебесеб номералда)*

**Б. ГІабдулагь:** - Щай дуца цІалдохъаби перерывалъул заманалъги дарсида жанир кколел?

**М. ГІабдулагь:** - Дирги букІана гьанже дур гІадинаб гьабизе жо лъалареб заман. ГьабсагІат дие заман гІоларо дарсида дир планалда рекъон лъай цІалдохъабазе щвезабизе. Гьеб буго гІилла, ГІабдулагь.

Лъабкъоабилел соназда школалъул директорлъун ва историялъул учительлъун хІалтІулев вукІана Хунзахъа Юсупов МухІамад. Гьес дарсида малъараб историялъул тема, тІехьалдаса босун конспект хІисабалда хъвазе тІамулаан, гІемер заманги унаан, гьираги букІунароан, амма гьеб лъикІ ракІалда чІолаан, ва институталда цІалулаго гьелъул кІудияб кумек ккана, конспектал хъвазе ругьунлъун. Ниж хадур гьесие баркала кьолел рукІунаан. Гьесул заманалда школалда лъикІаб гІадлу-низамги букІана, учителасул хІалтІуда хадуб лъикІаб халкквейги букІана, школалъул къиматги гьес гІодобе ккезе течІо. Цо мисал: Доб заманалда районалда Сугъралъги, ЧІохъги, Гъунибги гурони тІокІаб гьоркьохъеб школа букІинчІо. Гьез выпускной экзаменалги цадахъ Гъуниб школалда кьолаан. Экзаменал росулеб комиссия Гъуниб школалъул учительзабаздасан гІуцІун букІунаан. Гьел экзаменазда нилъер школалъул цІалдохъабаз цогидаздаса лъикІаб лъай бихьизабулаан. Гьелъул хІасилалда учительзабаз ва цІалдохъабаз нилъер цІикІкІараб хІурмат гьабулаан. Нижерги чІухІи букІунаан нилъерго школалдаса.

Гьеб заманалда нилъер школалда тІадегІанаб лъай-цІали бугей специалист йикІана цохІо географиялъул учительница Хосроева Елена. Гьелъ гІезегІан цебетІезабуна лъималазул географиялъул лъай. Хадуй Елена ккана нилъерго росдал гІаданлъун.

Цо заманалда биологиялъул учительницалъун хІалтІулей йикІана Чинтилова (Атрачева) Жамилатги, 5-8 классазда химия, биология кьолей йикІана КІичева Каримат.

Нилъер школалда хІалтІарал физикаялъул учительзаби рукІана Ражабов Улубий ва Мелесов СагІит. Улубий вукІана лъикІал къиматазда институтги лъугІарав, аваданав ва гъираялда жидерго хІалтІи гьабулев чи. Школалъул дирекциялъ ва цІалдохъабаз гьесул хІалтІуе лъикІаб къиматги кьолаан.

Дагъистан тун къватІивехун вугев Россиялда чІарав цо нилъер врачас абуна: "Жинда лъалел нилъер бищун гьунар бугел васал ругин, Улубий, Омоч ГІабдулагь, ПатахІов ПатахІ", - абун. Хадув Улуби вахъана философиялъул гІелмабазул докторлъун.

Омочев ГІабдулагь вукІана лъикІаб лъай лъималазе кьолев ва гьездаса тІалабги гьабулев учитель. Гьевги гІемерал соназ хІалтІизе хутІичІо.

Филологал рехсолаго абизе ккола, бищунго церетІуразул цояв вукІанин ЧІохъаса Шарапилов Сиражудин. Абулаан гьес цІаличІеб художественнияб тІехь хутІун батиларилан. Гьесдаса цо секундалъ бер речІчІизабун тІехьалъул 4-5 мухъ босизе кІолилан. Гьев вукІана аваданав, гьудул-гьалмагълъи гІемерав, цІалдохъабаз ва росдал гІадамаз хІурмат гьабулев чи. ГІемер лъалаан анекдоталги. Жакъа гьесул рукІарал цІалдохъабаз гьесул цІар баркалагун рехсола.

1953-1954 абилеб цІалул соналда химик-биологасул хІалтІи дица гьабулаан. Хадусеб соналда дун витІана Ругъжаве, ва нилъер школалде витІун вачІана ЧІохъаса ГІалиев ХІажи. Гьев вукІана лъай бугев ва гьеб лъай цІалдохъабазе кьезе лъикІаб бажари бугев учитель. ХІажи гІемерал соназ хІалтІичІониги, нилъер росулъ гьесул цІар лъикІав учитель абун хутІана.

Хадув гьелго дарсал кьолев учительлъун хІалтІулев вукІана ЧІохъаса Идармачев Идармач. Гьев вукІана гІадлу бокьулев ва гьеб цІалдохъабаздаса тІалаб гьабулев учитель. Гьединго жиндир лъай-бажариялда рекъон лъикІ хІалтІи гьабулев учитель. МахІатІиласги гьесул къимат гьабулаан. Уборщицабиги гьесдаса хІинкъулаан.

Гьесдаса хадув химиялъул учительлъун хІалтІизе вачІана Якъубов ГІузайри. Гьев рикІкІунаан районалъулго химиказда гьоркьов лъикІаздаса цоявлъун. Ахирал соназда ГІузайри унтун вукІиналъ хІалтІулев гьечІо.

Нилъер историказул бетІерлъуда лъезе ккола СагІитил ГІабдулагь, ракІ лъикІав, гІадамал рокьулев инсан, история лъикІ лъалев ва малъизе махщел бугев учитель.

Байбихьул классазул рукІана гьал учительзаби: ГІашул Мусал ГІабдулагьил ПатІимат, Гукко (ИсмагІилова) Хадижат, ГьазилгІалил (Агъаева) Жавгьарат, ЯхІиял Зубаржат, ГІалибегил Хадижат, Пирсо Аминат, ГІабдулгІумарил Каримат.

Жидер заманалда школалъул директорлъи ва историялъул учительлъи гьабуна АхІдуханов МухІамадица ва Гьазичилов МухІамадица. Гьез тІадегІанаб даражаялда тІуразарунин абула дица жиндирго тІадал ишал. Жакъа гьел хІалхьиялда руго.

Закариялова Багъдадаги йикІана лъикІай филолог ва гьабуна директорлъи. Гьелъ директорлъи гьабулеб заманалда букІана цо жиндирго хасаб захІмалъи. Бугониги гьелъги школалъул байрахъ борхатго ккуна.

Жакъа нилъер школалда цІалиялъул ва цоги ишазул бугеб хІалалъе дида тІубараб къимат кьезе кІоларо, амма дир пикруялда, директор Хачалова ПатІиматил нухмалъиялда гьоркь нилъер школалъул тІадегІанаб цІар ва гьелъул байрахъ борхатго ккун руго.

Дицаги гьабуна 40 соналъ

учительлъи батIи-батIиял школазда. РачIуна цо-цо суал: Щиб ккараб? Бугищ дур хIалтIул хIасилалда бижараб пихъ? Довегьаниве векерун пихъ бакIаризе дун лъугьинаро, амма рехсела 2 иш.

1. Дир дарсазда рекъарабго тарбия-лъай щварав ТIолбоев МухIмад, самолеталъул штурвалалда нахъа, космосалъул гама "Буран" рещтIиялъе кумек гьабуна. Гьеб ва цоги гьединал ишазухъ МухIамадие "Россиялъул БахIарчи" абураб цIар щвана. Гьениб цо гьитIинабго гIахьаллъи дирги бугин абизе бегьила.

2. Щибаб соналъул 9 маялда, Бергьенлъиялъул къо баркун, дихъе бачIуна берцинаб магIнаялъул кагъат:

а) ГIисинал лъималги унтарай эбелги тун, нужер эмен армиялде ахIана.

б) Рагъул фронталъул авлахъазда нужер эмен араб бакI лъачIого тIагIана.

в) "Армия кванил нигIматаздалъун хьезабулаго, нужеда-лъималазда захIмат бихьана. Гьеб киналъулго хIасилалда нужеда бихьараб захIмат ва къварилъи лъала ва бичIчIула нижеда, нужер рекIеда бугеб унти бичIчIула ва бикьула. Нуж ВатIаналда кIоченаро.

*Москва, Кремль, президент".*

Гьеб киналдаго гьоркьобги бугин ккола дида дирги цо гьитIинабго гIахьаллъи.

Дарсида гIадлу-низам хвезабулев цIалдохъанасе гьабулеб гIадлу щивав учителасул батIияб букIуна: цояс эхетизе гьавула, цояс къватIиве гъола, цояс рухIарал-унтулел рагIаби абула, амма рукоприкладство (кьаби-рухи) гьабизе бегьуларо. Щибха гьабилеб гьелги гIолареб мехалъ?

Хачасо ХIасан абулев лъикIаб гIараб цIали-лъай бугев чи вукIана хIурияталдаса хадуб тIоцересел соназда учительлъун. ХIалихьалъи гьабулев, мацI бичIчIуларев цIалдохъанасда аскIовеги ун, гьес, щиб дур чвантиниб бугеб абун, гьенибе жанибе кверги битIун, бухIараб къинтI балеб букIун буго, гьав цIакъ цIодорав вас вугин абун. Дос тIокIаб додинаб ишги гьабулеб букIун гьечIо.

Учитель, дур хIалтIи захIматаб буго
Заманги ракьалда дуе кьолеб дагьаб,
Амма дуца кьурал гIумрудул дарсаз
ГIумруялъ нижеда нуж кIоченаро.
Жакъаги пикрабалъ дун духъе щвана,
Дур дарсихъ гIодов чIун рахIат босана.
РахIат - чIагоязе, хваразе - алжан,
Учитель, нужее насиб гьабеги.

*МАГЬДИМАХIАМА*

P.S.

Дир рукIарал учительзабазул гьабсагIаталда чIаго вуго цохIо Идрисил МухIамад. Дуе баркала, МухIамад, дие кьураб лъаялъухъ. Жакъа киве щваниги, лъиде балагьаниги, дида къанагIат гурони ватуларо дидаса цIикIкIарав чи. Гьеб учителасе къанагIат гурони щолеб жо гуро. Сахлъи, талихI кьеги дуе, гьеб чIаголъи халатгун цIунизе. ЛъикIаб гьава-бакъ батила нилъер МитIлиб-Удукь...

## КОНКУРС




***Ежегодно в мае Крыму проходит один из масштабных Севастопольский Международный кино фестиваль "Победили вместе". Фестивальная программа включает помимо традиционных кино просмотров питчинг кино и телепроектов. В этом году в номинации ТВ победителем стала заявка дагестанского автора. Наш сельчанин Абдула Бечедов успешно защитил перед экспертами проект документального ТВ фильма "Полевые корреспонденты". Учитывая, что со всей России отбирают считанные работы у нашего сельчанина возможность реализовать международный проект.***

***На фото А. Бечедов во время презентации и защиты проекта перед экспертами.***

***РЕДАКЦИЯ***



I мухъ: ИсмагIилов АхIмад, ХIажиева ПатIимат, КIичев Мадилав, Варисов Шамиль, Хазамова Рукъият. II мухъ: Хазамов МухIамадхIажи, МахIмудова Равзат, Амиров Дигьай, Саидова Аминат, МахIатIилов МухIамад, Закариялова Багъдада, Хазамов ГIали, Квешова Хузаймат, СагIадуев СагIаду, АхIматIова Рисалат, Таваков МухIамад. III мухъ: Багъинова Хадижат, Наибов МухIамад, Мусалов НурмухIамад, Ашалова ХIажияй, ГIабашилов ГIалихIажи, ХIажиева Хадижат, Мелесов ГIалихIажи, Сулейманов Шамиль. IV мухъ: БогIолова ТIавус, Мелесов МухIамад, ТIолбоев Ризван.



ХІажи Алтинэр (бакьулъ) Вашингтоналда (США)



Сугъралъ школалъул поэзиялъул театр, 1930-абилел сонал. КІиабилеб мухъида квараниса квегІи-дехун кІиабилев НурмухІамад АбихІасанов. Цогидал лъалел гьечІо.

РОСУЦОЯЛ

# БотIролъ пикраби, рекIелъ хиялал

**ГьитIинаб хъулухъалъ Казбек районалъул Ленинаул росулъе щведал, гьениб лъана дида гIемер рикIкIад гьечIеб Калининаул росулъ нилъер росуцояй йикIин. Пачалихъияб университеталъул физикаялъулгун математикаялъул факультетги лъугIун, цадахъ цIалулев вукIарав Шарипилгун къисматги бухьун, 1975 соналдаса нахъе гьей, АхIдуханов ХIажимухIамадил ПатIимат тIадюссун йиго гьесул росулъе, ай Калининаулалде. Гьезул йиго лъабго яс (цояй йиго ригьнада, ГIашалов Абулмуслимил Мусае), Шарип хIалтIулев вуго районалъул "Чапар" газеталда, ПатIимат йиго хIалхьиялда. Заманалъул рахъалъ санагIат букIинчIолъиялда бан, ниж гьеб росулъе ана гьейги йихьун, гьелъул квер бачин мурадалда. Огородалда ятарай гьелъулгун дица гьабуна кIигоминуталъулаб гара-чIвариги.**



**...ЦIакъ квеш букIана мажгит бухIи, гIемер йоххана цIияб гьеб баялдасаги... ...РакIалде щола мархьи-кули, ГIобониб, НахагIорох, ПастIала. Гьаб жакъаги рекIехъе лъала киб лъил хур-мечI букIарабали...**

**- ПатIимат, рагIун гурони, нилъ цоцаздаги лъалароан, мун гьаний йикIинги дида лъана жакъа, духъеги щвана цIа босизе гIадинан. Гьедин раккун-рехун ниж щвей кин дуда бихьараб?**

- ГIемер лъикI бихьана. ТIаде чи вачIани, кутакалда йоххула дун, росулъа чи вачIани, бачIуна росулъе щвараб хIисаб.

**- Кин рагIун бугеб дуда гьаниб, рукIа-рахъиналъе кинаб бакI гьаб бугеб?**

- Хъизам-лъималги ругони, гьаний ругьунлъунги йигони, квешго абизе бегьилищха. Колхоз кидаго букIана, жакъаги буго нилъер лъикIаб, гьазул гьеб киданиги лъикIаб букIинчIо. Амма гIадамазул гIумру-яшавалъе гьаб буго гIемерго лъикIаб, бигьаяб.

**- Эхеде гIемер щолищ мун?**

- Ахираб нухалъ щвана 2008 соналда, гьаб заманалда щвечIо, цадахъ чи гьечIони, кIолеб гьечIо ине. Щола МахIачхъалаялде, нилъеразул бертабалъе, хвел ккараб бакIалде ине кIоларо, квеш лъугьуна дун. ГIемер щола росуги гъутабиги ракIалде. ЦIакъ квеш букIана мажгит бухIи, гIемер йоххана цIияб гьеб баялдасаги.

**- Росулъ аслияб куцалда щиб ракIалде щолеб?**

- Мархьи-кули, ГIобониб, НахагIорох, ПастIала. Гьаб жакъаги рекIехъе лъала киб лъил хур-мечI букIарабали.

**- Гьаб буго къадекванил риг. Гьанир чIезе рес букIарабани, щиб лъезе букIараб столалда тIад?**

- Бежун буго гIанкIудул гьан, буго гречка, пихъ, солениял. Столалда тIад лъезе жоялъул къварилъи гьечIо.

**- Беркал разе кIочон тун бугищ?**

- Гьаб квер бекун букIун ролъ буцизе гIемер кIоларого буго, гурони гьел разеги камураб жо гьечIо.

**- БукIинищ гьанже цо дуего абизе бокьарабги?**

- Гьарила лъикIабщинаб. Аллагьас рекъезабеги кинабго. Балагьаздаса цIунаги. Росуги гьуинго, гъункун тайги, гIадамазеги сабру, парахалъи кьеги.

ЛЪАЛКIИ

# Киса ва кин?

## КIалтIушал

Гьеб букIине ккола гIага-шагарго хIурият ккараб, гьелдаса дагъабго заман араб гIадаб мех. Дун гьитIинаб заманалда дида гьаб хабар ("кIалтIуш" цIар щвей) бицунаан мунагьал чураяв инсуца (ГIабдулахIажиясул АхIмад). Эмен вукIана колхозалда хIалтIун гIумру арав (гьев хвана 1972 соналда), ихдал колхозалъул ва гIадамазул хурзал рекьун, риидал гIачи-бачазул, оцазул рохьдохъанлъун вукIунев чи. Эбел (Хадижат) йикIунаан хурхералъул хIалтIуда, боцIи хьихьун. Гьанже цо нухалъ, жиндиралъулгоги данде ккечIого, кIалтIушка бекьизе унев инсуца бачун буго цо пуланав чиясул хIама. Кин ккарабали, нухда гIодобеги рехун, хун буго гьеб хIама. Гьелъул бетIергьанасухъеги ун, инсуца гьесда бицун буго кинабго ккара-тараб хIамил къисмат. Дов чиясги, аскIор ругел гIадамазда рагIиледухъ абун буго кидаго кIалтIуш, кIалтIушин вукIунин гьав АхIмад абун. Гьелдаса нахъе рекIун буго инсуда "КIалтIуш" абураб цIар. ГIемер лъикIаб нигIмат буго кIалтIушка, жеги цIакъаб, пухаб букIуна кIалтIуп. Гьеб цIар нижее щвеялдаса вохун гурони, киданиги пашманлъичIо дун, мекъи бихьичIо гьеб аби. Гьелда цадахъго инсуе щун букIана "НикIалай" цIарги. Гьебги букIине ккола добго, хIурият ккараб, киналъулго гIадин гIарцулги хисабаси ккараб заман. Цо пуланав чиясухъе (гьев вукIун ватила гIага-божарав чи) инсуца къарзалъе кьун букIун буго дагьа-макъабго гIарац. Заман щварабго, гьев чияс инсухъе тIадбуссинабун буго цIияб, хисараб гIарац. Гьеб мехалъ инсуца гьесда абун буго, гьебги дуего тун, дуца дихъе кьейин доб дирго, НикIалаясул гIарац абун. Гьелдаса хадуб инсуда абулаан НикIалай АхIмадин абун.

*Бицана АХIМАДОВ (КIалтIуш)*

*ГIумархIажияс, 78 сон*

## НухIулал

Нижер умумузул, ШехилгIилязул, вукIун вуго лъабго вац - НурмухIамад, ГIали ва ГIумар. Гьезул бищун кIудияв, НурмухIамад кколаан дир инсул (МухIамад) эмен. Квер бекараб букIун, гьесда абулеб букIун буго чолахъ (квачIикъ, гIаккав) абун. Гьес 25 соналъ ХIоцоса Нажмудиние гьабун буго вехьлъи ва 300 лемаг-гIи (гIи-цIцIани) ва анцIила хадуб хьваниги (хIама-чу) щун-рачун тIадвуссун вуго росулъе.

Росулъ жидерго магIишатгун вугев гьесухъе гIемерав щолев вукIун вуго гьоркьохъев вац ГIалил гьитIинав вас ШехмухIамад. Кида щваниги, гьесда НурмухIамад ватулев вукIун вуго тIамун нахгун хIичи гьабулев ялъуни гьеб кваналев. Киве мун абун инсуца гьикъидал, гьесги кидаго жаваб кьолеб букIун буго нухIудадихе абун. Гьелдаса рекIун буго НухIулал цIарги, хадуб гьеб сверун буго фамилиялдеги, дида лъалелдаса нахъе нижер буго гьеб фамилия, инсулги букIана гьебго.

НухIук, нухIук абун лъимал ахIдолел рукIун, дие гIемер бокьуларoан гьеб цIар, вукIунаан дагьаб мекъи бихьун. Дагьав кIодолъаралдаса щибниги къварилъи букIунаро, батIалъи щиб, фамилия буго фамилия.

**P.S.**

Гьеб бакIалда чанго рагIи тIаде жубана НурмухIамадил хъизан Аминатица. Нижер лъималазги гIемер бицунаан жинда НухIук, НухIук абулин абун. Дицаги гьезда абулаан нахI гьечIони, сундулниги чIир мукагIат букIунарин, цо щибниги, я бетIер, я техника, я цогидаб хIалтIуларин гьеб гьечIони,нуж рохизе ккoлин гьедин абиялдаса абун.

*Бицана НУХIУЛОВ НурмухIамадица, 82 сон.*

СУРАТАЛ



Таваков ГIумар



Сагитов Анвар



Хачаибрагьимов МухIамад

# Хъулухъ - тахшагьаралда, ракI - росулъ

Заманаялъ цIалулел, хIалтIулел ратаниги, гIумру-магIишат доба батаниги, Москваялда гIезегIан руго нилъер росуцоял, къо анагIан гьезул къадар цIикIкIунебги буго. Май моцIалъул авалалда, гьитIинабго хъулухъалъ гьениве щведал, рес ккана гьезул цоцоялгун дандчIвазе, хабар-кIалалда гIодор чIезе. Гьединазул цояв, ГIабдулгIумаров Ильясилгун (ХIажил вас) дир ккана къокъабго гара-чIвариги. Ильясица жидер заманалда Владикавказалда (доб мехалъ Орджоникидзе) лъугIана росдал магIишаталъул институт, хадув чанго соналъ хIалтIана жидерго махщелалда Чита областалда. 1994 соналдаса нахъе хIалтIана МВДялъул системаялда (УИН, миграционнияб хъулухъ), гьесул буго полковникасул чин. Ахираб чанго соналъ хIалтIулев вуго тахшагьаралда, РФялъул Минстроялъул Централияб гIелмиябгун цIех-рехазулаб ва проектазулаб институталъул (гьенив вуго 800-гIанасев хIалтIухъан) отделалъул кадралъул начальниклъун.

**- Ильяс, мун Москваялда вуго 6 лъагIелалъ. Гьеб заманалда жаниб "москвичлъун" кканищ мун?**

- Щибго кватIа-камураб жоги гьаниб гьечIо, хIалтIудеги уна гъираялда, амма "москвичлъун" дун ккечIо. РакIги кидаго цIала Дагъистаналделхун, къаси макьилъги бихьула Сугъралъ росу.

**- Хадувккун ккеладай?**

- Ккелин ккоakaro.

**- Мун кин къабул гьавурав Москваялъ, дагъистанияв вукIиналъ сундулниги ва кибниги къварилъи дандчIванищ дуда?**

- РукIана гIезегIан гIадамал гьанир нилъерал рокьуларин, нилъедехун дагьаб лъикIаб гьечIеб бербалагьи букIунин, гьебин-добин абулел гIадамал. Дида гьеб кинабго кибниги бихьичIо ва дандчIвачIо. Цониги ккечIо дур цIар, фамилия, мацI батIияб бугин абун гIорхъи балев, сундулъ батаниги дие квалквал



гьабулев чи.

**- Дуца кинха къабул гьабураб Москва, рекIее гIунищ гьаб, хIалтIизе, гIумру гьабизе кинаб бакI бугин абилеб дуца тахшагьар?**

- БитIун бицани, гIуна рекIее, бокьана. ХIакъаб жо, гIумру гьабизе шартIалги гьанир гIемерго тIадегIанал руго, хIалтIуе ресалги гьединго цIикIкIарал руго. Нижер институталда хIалтIулезул 90 процент абуниги ккола гIелмиял хIалтIухъаби. Советияб заманалдаго гIурал, хIалтIарал, дунял бихьарал гьезул гIумруялдехун, гIадамаздехун букIуна тIубанго батIияб, магIнаябгун гIаданлъиялъулаб бербалагьи. Цо нижер хIалтIухъанасул буго 92 сон, гьес абула жив 105 пачалихъалде щванин абун, гьесда лъала 6-7 мацI. Щивасда дунял бихьула жиндирго, жив вахъараб "борхалъудаса" абухъе, гIадада гурелъул бугеб аби - вехьасда дунял бихьула гIиял рехъада гьоркьосан, шоферасда гьеб бихьула машинаялъул гордухъан ва гь.ц. абурабги. Дунялги гIадамалги, киналъулго ва киназулго хаслъиги бихьарал, тIадегIанаб лъайги цIикIкIараб хIалбихьиги бугел гьединал нижер хIалтIухъабаз (дир кIудияб талихI буго гьелгун цадахъ хIалтIизе рес щвей) бицунелъулги, рорхулел суалазулги, кьолеб къиматалъулги букIуна къадру-къиматаб сипат-сурат.

**- РукIа-рахъиналъе Москваялда ругел "плюсал" ва "минусал" кинал дуда рихьулел?**

- "Плюсал"- тIадегIанаб цIали-лъай, хIалтIул - гIумруялъул хIалбихьи бугел гIадамал аскIор рукIин.

- Киналго суалал тIурала цIакъ хехго. Нилъер дора гIемерал рукIуна нилъецаго ургъарал, нилъеца нилъеего гьарулел квекIенал, масъалаби. Бюрократизм, волокита абулел жал гьанир гIемер дандчIваларо, довегьаниве векерахъдизе кколаро.

- Гьаниб кинабго гьабула законалъул тIалабалги цIунун, гьезухъ гIинтIамун, кирго цIунула дур ихтиярал. Цо суалгун мун бокьараб идараялде ани, дуда мухIканго лъала бихьизабураб заманалда рекъон гьеб тIубазе букIин.

"Минусал". Абизесеб минусго батила шагьар цIакъго кIодолъиялъ нухда заман цIакъго гIемераб балеб букIин. Мисалалъе, шагьаралъул цояб рахъалъан цогидалде ине ккани, бала бащдаб къо. Гьединлъидал цо къоялда жаниб цо иш гурони тIубан бажаруларо абулеб магIнаялда, гьалда цоцояз абула "Город одного дела" абунги.

**- Москваялде ккеялъ инсан гIемер хисулин кколищ дуда?**

- Гьабулеб-толелъул низам, гIумру-магIишаталдехун бугеб бербалагьи гьалда дагьаб рекъезабун гурони, живго инсан гIемер хисулев ватиларо. Кинабго бараб буго гьесул гIамал-хасияталда.

**- Дур пикруялда, лъайги хIалтIизе гьираги бугев нилъер чиясе захIмат бугищ Москваялда жиндирго бакI батизе?**

- Щибниги къварилъи гьечIо. Мун МухIамадищ, ГIалийищ ялъуни Иванищ, Михаилищ щибниги батIалъи гьечIо, кинабго бараб буго дур лъай-бажариялда, хьвади-чIвадиялда. Гьанир гIезегIан руго добаялдаса гIемерго тIадегIанал хъулухъалги щварал, лъикIаб хIурматкъадруялда ругел нилъер гIадамал.

**- Дур буго 55 сон. Мун хадувккунги гьанивго вукIинищ, гурого ругищ кида вуссунги нахъвуссина абурал пикраби?**

- Техникиял сурсатаз гьоркьоб бугеб манзилги къокъ гьабун буго, гьаниб-доба абиги цолъизабун буго. Дун гьаниса нахъе гъолев чиги гьечIо, гьаниб хIукуматалъул хIалтIиги букIунго, цIалул, хIалтIул рахъалъ лъималазе гIемерго цIикIкIарал ресалги рукIун, жакъа- метер Дагъистаналде вуссина абураб пикру гьабсагIаталда дир гьечIо.

**- БукIинищ гьанже цо дуего абизе бокьараб?**

- Гьаб заманалда цеве унев вуго гIелму-лъай бугев чи, гьесул буго къиматги, гьесул руго бокьарал ресалги. Дие бокьилаан нилъер гIолохъабазда абизе - гIадада биччаге гIолохъанаб заман, кIвар кье, рехун тоге цIали, гIелму. ГьабсагIаталда гьеб биччан тани, хадуб нужеего захIмалъизе буго хадургъезе, хутIизе руго нахъа...

*Гара-чIвари гьабуна*
*ГIабаш ГIАБАШИЛОВАС.*

РАКIАЛДЕЩВЕЙ

# Цо-цо пикраби



Къокъаб, чIиликъаб черх. Борхатаб вехьасул тIагъур. Пупайка. Хохол чакмаял. Кодоб ккураб вехьасул тIил. Дагьав гIодовеги къулун, гIебеде битIун квергун гьабулеб пасихIаб калам, рагIаракьанде щун бицунеб хабар. ГIадатияв, гIамал гьитIинав, гIакъилав инсан. Диеги гIезегIан малъа-хъваял гьururав (вац ХIусенгун цадахъ), цадахъ таманал къоял гIияда хадур тIамурав, магIарде гIи бацIунги цадахъго ккарав хIалбихьи бугев, гIаданлъи цIунарав вехь **Исрапсо ХIасан.**

***

ХIулараб бетIер. ЦIороберал. Къокъаб, тIадагьаб, къапIараб лага-черх. Хехаб, чIвархьараб рилълъин. Дагьаб, къокъаб, тIаде цIачIеб калам. БухIун хъалиянгун хабар-кIалалда вугев **Магьдилов АхIмад.**

***

Борхатаб гъаракул тIагъур. Гъежалде рехараб тIимугъ. Рачелалъ къараб военный тайпаялъул горде. Галипе тIажу. Чакмаял. КIудияб мегIер, х[амил чIортоялъ бахчараб-къараб рагъда камураб берзул жаниблъи. ПасихIаб, махсара-хочI гIемераб калам. Гьелъул гIатIилъи-къварилъи рагIа-ракьанде щун бихьарав рагъул ветеран. Тамашаял шурутIаздалъун гьитIинал нижедехун махсараги гьабун, Мижгитрагьла - Герегуласа Удукьехун унев **Абакаров МухIамад.**

***

ТIогьилаб гъаракул тIагъур. ЦIахIилаб, габур бугеб палту. ХIалакъаб, загIипаб, чиликъаб черх. ЦIакъго тамахаб, гIедераб рилълъин. Дагьаб, гIодобе биччараб, сас тIаде бахунареб калам. МухIканаб, хIисаб босулеб берзул балагьин. Балагьун хьул-хьулдилел нижгун школалъул теплицаялда риг-малъиялда вугев **МухIамадов ГIимран.**

***

Гъаракул тIагъур. ТIеренабго горде. Галипе тIажу. Хохол чакмаял. Гъежалде рехараб пупайка-тIимугъ. ХIари-хъуялда, захIматго хIухьелги цIан гьабулеб калам. Махсара бокьулев, тама-тамашаял шурутIалгун жинцагоги гьеб гьабулев. Нилъеда рекъарав, нилъ рекъарав, нилъ рокьарав нилъее вокьарав, нилъеравлъун ккарав. Мугъалда нахъа лъун квералгун, гIодове виччан, Мижгитрагьласа эхедехун Хачасо ХIасанихъе унев **ГIабдулаев (ХIотIочI) ГIабдулагь.**

***

ХIалакъай, чIиликъай, йорхатай. Хехай, тирияй, рихицарай. РагIи бегIерай, калам дагьай. Ишал гIемерай, хIалтIи хIалуцарай. Йортун-хетун кидаго ишазулъ йигей нижер гIелцояй-классцояй **Имагъазалиева Марям.**

***

Кепка. Сталинка пинжак. Галипе. Хурум чакмаял. Айгъураб черх, дагьаб биччараб чехь. Кьварараб рагIул, къапIарал ишазул, сундулъго бажари бугев хIалтIухъан, рагIи билълъарав гIуцIарухъан. Ишазеги кидаго заман гIолев, данделъабазе, гIодорчIеязе, хабар-каламалъеги кидаго заман батулев АхIмадилов **МухIамад (АхIмасулав).**

***

Дагьаб гьетIун лъураб кепка. ХIалакъаб, борхатаб черх. РечIчIулеб, борлъулеб рагIи. Гьединабго къокъаб, кьварараб калам. Хехаб, гIедегIараб рилълъин. Жува-гъуван, хабаралда, ахIихIуралда гьоркьов гаражалдаса гIебеде ворта-хетиялда вугев **АбдухIалимов МухIамад.**

***

Кепка. Сталинка китель. Галипе тIажу. Хурум чакмаял. Хабар гьуинав рагIул устар. Жиндир иш лъикI лъалев, хIалтIи бажарулев. ГIенеккиледухъ бицунев, бицунелъул хIисаб бугев. Мундштукалда лъураб хъалиянги тIагIамалда бухIун Закил рукъалъухъ хабар-кIалалда вугев **Хазам ГIумар.**

# Кому-то все, а кому-то кончик самый

*( ... Страшна не боль, страшнее ожидание боли )*

Уверен, что все взрослые мужчины и сегодня помнят с каким волнением и немного со страхом они, мальчишки, ждали того дня, когда им сделают обрезание. Ждали с нетерпением подарков и денег, но боялись и боли при этом (кто в какой мере, конечно, за исключением тех кому его сделали в совсем раннем детстве). Ждал этого, одного из самых важных дней в жизни мужчин, и мой племянник. Бабушка часто говорила при нем близким и родственникам какой он у нее сильный, мужественный, смелый, и, когда наступит пора, что сам позвонит Сааду и пригласит того на процедуру. Племяннику нравились разговоры про смелость и отвагу свою, но по мере приближения времени "Ч" отвага стала угасать, а червь сомнений все сильней стал терзать его детскую душу, причиняя ощущения неприятные. Страх перед болью, одолевая смелость, все же брал вверх. Чтобы избавиться от сомнений и удостовериться в том, что процедура эта не очень страшная, он решил уточнить это у своей тети - сестры бабушки Виц Написат:-

**- Написат, суннат гьабудалаб мехалъ цIакъго унтдилби? (Написат, когда делают обрезание, бывает больно?)**

**На что та ответила:**

- Дир ракьансого кагIан дагьаб жо течIого къотIиниги, дида я лъадигицин лъачIо, я унтдигицин унчо! Дудаги унтларо кагIан дагьабги, рагIалса тIинжого жаб къотIде бугелъаха дур. (Хотя мне отрезали все, прямо с основанием, ничего не оставив, я даже не почувствовала, и мне абсолютно не было больно. А тебе больно не будет и подавно - потому что только кончик малюсенький отрежут у тебя).

Ответ сей о том, что ей, несмотря на то, что отрезали все абсолютно, не было больно, обрадовал очень и то, что ему отрежут только маленький кончик, успокоил героя нашего, и он тут же, воспрянув духом, смело набрал номер Сааду и пригласил того на определенный день к бабушке. Но когда его уложили на кровать и бабушка с Написат взяли его за ноги, за руки, а Сааду встал сбоку, он тут же ясно и четко понял, что все то, что рассказывали они ему до этого, было враньем. И что ему сейчас будет больно. Притом, очень сильно! Но было уже поздно. И как бы он не ругался, не вырывался, все было тщетно - малышу не удалось освободиться из цепких рук взрослых и избежать того через что, становясь мужчинами, проходят все мальчики. Не только Согратля

# Никак не пойму как в конфеты без дырок повидло кладут

*(...Предел нашего воображения - это граница наших знаний)*

Дида гIемераб жо малъана аб гIумруялъа жунуб, гIумруялъ жунделъаго лъадеги тIамана. ГIемераб жо дидагоги лъана. Лъадала кIудал рукъзал кин радални, машинаби кин хьватдалални, бичIчIдала самолетал кин рохдалални. Космосалъе спутникалцин кин ритIдалалниги нах гIунтIана дунго. Амма гьал гергенал каратIги гьечIал простой кемпетдазда жунубе повидло кин лъудалабни бичIчIде кIодалаб гьечIо кагIан ургъаниги! (ГIагарав ГIалибег).




(Меня всю жизнь учили чему то, да и сама жизнь научила многому, но большинство вещей, все же, постиг сам. Понимаю, как строят дома высотные, ездят машины, как летают самолеты. Даже знаю как спутники в космос отправляют ! А вот как в круглые без дырок конфеты повидло закладывают - сколько не думай никак постичь и понять не могу!)

ГIагарав, ГIагарав! КагIан гIемераб абиниги кинназего гIагарав дун ганаро! Хасго... (Тут перечислялись имена тех кому ГIалибег не гIагарав. Они менялись в зависимости от личности собеседника тому неприятного.)

Думаю озвучка русская испортит эффект сей фразы и потому не рискну переводить.

*Член Союза журналистов СССР*
*Алигаджи АБАШИЛОВ*

# «Свободный наездник» Халилбека Мусаясул...

**В Нью-Йорке, в Метрополитен музее, хранятся мраморные слепки рук двух выдающихся творцов России, внесших значительный вклад в мировую культуру. Первый слепок принадлежит композитору Сергею Рахманинову. Второй - художнику Халилбеку Мусаясулу, аварцу, уроженцу с. Чох Гунибского района Республики Дагестан.**

Халилбек Мусаев - Мусаясул-Манижал родился в 1897 году в селении Чох Гунибского округа Дагестанской области в потомственной дворянской семье наиба Исрапила Мусаева.

Родители мечтали дать мальчику духовное образование и определили его учиться в медресе селения Согратль, считавшегося одним из признанных просветительских центров арабо-мусульманской культуры в Дагестане. Ежегодно в известном согратлинском медресе обучалось до 300 человек, таким наукам как логика, философия, риторика, богословие, арабский язык, мусульманское право и т. д.

Здесь получили духовно-нравственное воспитание все четыре имама Дагестана: Газимагомед, Гамзат-Бег, Шамиль и Мухаммад-Хаджи ас-Сугури. В этом медресе получили образование, углубили свои знания люди, которые впоследствии стали известными, авторитетными учёными, богословами, блестяще образованными людьми. К примеру, здесь учились: Муртазали сын Сурхай-хана, Джамалудин Кази-Кумухский, Али Каяев, Магомед Ярагский, Узун-Хаджи Салтинский, Сайфуллакади Башларов, Магомедмирза Мавраев, Халилбек Мусаев (Мусаясул), который писал в своей книге "Страна последних рыцарей": "Знаменитое Согратлинское медресе в нашем представлении было по сравнению тем же, что Сорбонна для средневековой Европы..."

У юного Халилбека в период обучения в медресе стали проявляться его художественные способности и творческий дар.

Понимая, что мальчику необходимо профессионально учиться, в 1912 году родные отправили Халилбека в Тифлис, где он поступил в Тифлисское училище изящных искусств - филиал Петербургской академии художеств. После окончания первого курса он продолжил обучение в Мюнхенской Королевской академии живописи, где его наставником стал известный художник-баталист Франц Рубо, который завещал свою мастерскую ему - самому любимому и талантливому ученику. Однако с началом первой мировой войны Халилбек был интернирован на родину. Вернувшись в Дагестан, Мусаясул на протяжении четырех лет занимался художественной и просветительской деятельностью. В эти годы он впитывал в себя окружающую и стремительно меняющуюся жизнь дагестанцев, накапливал образы, детали народного быта. Поэтому произведения того периода реалистичны и этнографичны ("Старик из Казикумуха", "Курд", "Чохинка", "Ешар Бек из села Чолахсу", "Портрет молодого человека", "Портрет девочки", "Портрет горянки", "Портрет пожилой женщины"). Молодой художник совместно с известным российским живописцем Евгением Лансере иллюстрировал первый литературный журнал Дагестана "Танг-Чолпан" ("Утренняя звезда"), издававшийся в Темир-Хан-Шуре с 1917 г.

В 1919 году во Владикавказе прошла первая выставка картин Халилбека Мусаясул.

Решением Комиссариата народного просвещения Дагестана от 28 марта 1920 г. художник Халилбек Мусаясул был назначен заведующим отделом внешкольного образования и искусства.

В семейном архиве аварского поэта, прозаика и драматурга нашего односельчанина Нурмагомеда Абигасанова бережно хранится рисунок Халилбека Мусаясул "наиб Хаджи-Мурат" от 1911г., который он нарисовал и подарил своим согратлинским кунакам. На рисунке изображен эпизод кавказской войны, где наиб имама Шамиля Хаджи-Мурат, в момент атаки скачет на коне рассекая шашкой. В правом нижнем углу подпись автора и дата, а слева арабской вязью вписано имя наиба.

Известный владелец Владикавказских фотостудий Джанаев-Хетагуров (Саадула), одним из первых наладил выпуск почтовых открыток с видами Кавказских сюжетов. Среди дореволюционных почтовых открыток студии Джанаева-Хетагурова мною случайно была обнаружена и одна со знакомым сюжетом под названием "Хаджи-Мурат - свободный наездник". С первого же взгляда в сюжете этой открытки отчетливо прослеживается сходство с рисунком из архива Нурмагомеда Абигасанова, видна выразительность и уникальность стиля живописи Халилбека Мусаясул.

В 1921 г. Халилбек Мусаев выехал в Германию для продолжения учебы, учился у известных художников - Германа Гребера и академика Хуго Хабермана.

После окончания Мюнхенской академии, он принимает предложение стажироваться в художественных центрах Европы, где он живет до 1946 г. Здесь его популярность растет, работы выставляются в лучших музеях и картинных галереях Парижа, Мюнхена, Мадрида и др. Он много ездит по странам Ближнего Востока, работает в Испании, Италии, Швейцарии.

В 1929-30 гг. он посетил Египет, где принимал участие как художник в съемках фильма о Шамиле. В 1946 г. Халилбек Мусаев переехал на постоянное местожительство в США.

В 1949 г. он скончался в госпитале города Бетлехем штата Коннектикут (США). Его произведения хранятся в музеях Метрополитен (США), ДМИИ им. Гамзатовой и ДГОМ им. А.Тахо Годи (Махачкала), семейных архивах и частных собраниях России, Германии, Грузии и США.

*Патахов ГАДЖИМУРАД*

# Кореялъул рагъул магІарул багъадур

## Доб заманалда ХІажи Алтинэр лъугьана чІагояб легендалъун

**XX гІасруялда ккарал бищунго балагьал, гІемерав инсан камурал, лъукъарал, язихълъарал рагъазул цояб букІана Кореялъул рагъ. Гьеб рагъ букІана коммунистияб Северияб Кореялдаги капиталистияб Югалъулаб Кореялдаги гьоркьоб.**

КІиябго пачалихъалъул бутІрузе - Севералъул Ким Ир Сениеги Югалъул Ли Син Маниеги - къваригІун букІана жиде-жидер нухмалъиялда гьоркь цолъизабизе 1945 соналда кІиийиде бикьараб улка. Гьединлъидал кІиябго рахъалъ хІадурлъи гьабулеб букІана рагъулаб къуваталдалъун цебелъураб мурадалде щвезе.

Ахир-къадги 1950 соналъул 25 июналда рогьалида Северияб Кореялъул рагъулал къуватаз Югалъулаб Кореягун гІурхъи бахана. Гьедин байбихьана 1953 соналъул 27 июналде щвезегІан халатбахъараб гьеб рагъ. Гьенир Северияб Кореялъул рахъалда рукІана Китай, СССР ва Монголия. Югалъулаб Кореялъул рахъалда ООНалъул мандаталда гьоркь гьениб гІахьаллъана 16 улка: Великобритания, Австралия, ЦІияб Зеландия, Канада, ЮАР, Турция, Филиппинал, Таиланд, Эфиопия, Греция, Франция, Колумбия, Бельгия, Нидерландал ва Люксембург.

Гьеб мехалда Турция букІана СШАялдаса хадуб кІиабилеб пачалихъ 1950 соналъул 27 июналда къабул гьабураб ООНалъул №83 Резолюциялъе жаваб кьураб. Турциялъул хІукуматалъ хІукму гьабуна Югалъулаб Кореялъе кумекалъе 5000 чиясдаса гІуцІараб цо бригада битІизе. Гьеб подразделениялде гьорлъе унаан пехотаялъул лъабго батальонги, артиллериялъул батальонги, кумекалъулал бутІабиги.

Турк аскаралъул тІоцересел бутІаби Кореялъул Пусан абураб шагьаралде рачІана 1950 соналъул 12 октябралда. Бригада лагерь гьабун чІана Тэгу абулеб шагьаралда аскІоб ва гьеб кьун букІана СШАялъул армиялъул 25-абилеб пехотаялъулаб дивизиялъе.

ЦІикІкІарасел турк солдатал рукІана бакъбаккул Турциялъул гьитІинал шагьараздасаги росабалъаги. Гьез тІоцебесеб нухалда улка гуребги, жидерго гІагарал бакІалги рукІана тун. Гьеб гуребги, гьенир гьел тІоцебесеб нухалда дандчІвана бусурбаби гурелгун.

Гьел, Кореялде арал турк солдатаздагьоркьов вукІана 1928 соналда Карс вилаяталъул Сарикамиш районалъул Исламсор росулъ гьавурав, 1948 соналда армиялде хъулухъ гьабизе ахІун вукІарав магІарулав ХІажи Алтинэрги. Гьесул эмен МухІамадмирза Турциялде вачІун вуго Дагъистаналдаса, амма щиб росулъаяли лъалеб гьечІо. Эбел ПатІимат гьаюн йиго Турциялда Исламсор росулъ. Гьезул хъизамалда букІана анкьго лъимер: васал ХІажи, Ражаб, Микдад, АхІмад, ясал Назираги жеги кІигояйги. ХІажи вукІана бищун кІудияв. Живго ХІажилги букІана 8 лъимер: Нурия, Юсуп, Йилмаз, Явуз, Нурдан, Дурдане, Кемал, МухІамадхІажи.

### Кунуралъул рагъ. 27-29 ноябрь 1950 сон

1950 соналъул 12-17 октябралда Кореялъул Пусан лиманалда рещтІарал туркал, 1950 соналъул 21 ноябралда Америкаялъул 9-абилеб корпусалъул кваранаб рахъалда нахърателаб цолъи хІисабалда лагерь гьабун чІана. 24 ноябралда СШАялъул бетІерлъуда ООНалъул къуватаз байбихьана тушманасда кьаби щвезабизе. Фронталъул кваранаб рахъалда СШАялъул къуватал 10-15 км цере гІедегІун унаго, кваранаб рахъалда рукІарал корейязул цолъиял нахъа хутІиялъ, гьединго китаяз гьезде данде кьаби щвезабиялъ, гьел 40 км нахъе къана. Гьедин церехун унел ругел квегІаб рахъалда рукІарал СШАялъул къуватал чІезе ккана. Щайгурелъул кореял нахъегІан къаялъ, нахъа рахъалдасан гьел сверун ккезехъин рукІана тушманас. Нагагь сверун ккун рукІаралани, азаазар аскарияв асирлъуде ялъуни тІагІинавиялъул хІалалде ккезехъин вукІана.

Гьеле гьеб заманалда нахърателаб лагералда букІараб турказул цолъиялда тІадкъала китаялъулазул хІаракаталда дандечІезе. Туркал рагъулаго, СШАялъул цебехъанлъиялда букІараб ООНалъул аскаралъ сверункквеялдаса борчІизе гІоло нахъе къазе къасд гьабулеб букІана. Ахир-къадги гьеб план гІумруялде бахъинабун бажарана. ООНалъул байрахъалда гьоркь вагъулев вукІарав батІи-батІиял пачали-хъазул аза-азар рагъухъан, сверункквеялдасаги ворчІун, сах-саламатго нахъе къана.

Амма букІана цо гьитІинаб суал. Аза-азар рагъухъан хвасар гьабураб турказул цолъи, гІагашагарго 60 азарго чи вукІараб китаязул аскаралъ сверун ккола. Дунялалъго, хІухьел ккун, Кореялдаса бачІине бугеб кьогІаб хабаралде жибго хІадур гьабулаго, турказул цолъигун букІараб бухьен къотІула. Хасго гьеб заманалда киназулго ракІбакъвазабула, турказул бригада тушманас тІубанго тІагІинабунилан абураб хабар 27 ноябралда ингилисазул ВВСиялъул радиоялдасан кьураб мехалда.

Лъабго сордо-къоялъ чІечІого жал сверун ккурал китаязул аскаралде данде багъулеб букІараб турказул бригада, гулла-хер лъугІараб мехалда, хочолаб рагъуде лъугьуна. Китаязул сверункквеялда жанир туркалгун цадахъ рагъулел рукІарал ва чІаго хутІарал дагъалго Америкаялъул рагъухъабаз гьеб мехалда бицаралда рекъон, китаяз гьезде кверде рачІаян абураб ахІиялде данде турказ кьураб жаваб тарихалда хутІула: "Нижер умумулги араб заманалда киданиги кверде унароан, нижецаги гьел нечезариларо", - ян.

Дагъаб заманалдасан "Аллагь, Аллагь" - илан гьаркьалгун туркал тІаде кІанцІула риххарал китаязде ва, ункъо нухалъ тушманасул сверункквейги тІузабун, гьениса рорчІула. Амма гьелъул хІасил бу-

кIана цIакъ пашманаб: 5090 чи вукIараб турказул цолъиялдаса 218 чи шагьидлъана, 455 чи лъукъана, 94 рагъухъанги араб бакI лъачIого тIагIана. ХIатта, турказул 9-еб бутIа бетIерлъуда майор Лутфи Билгингун цадахъ ахирисев рагъухъанасде щвезегIан шагьидлъула гьеб рагъулъ.

Гьеб лъугьа-бахъиналъ Америкаялъул хIукумат тIамула турказда тIасалъугьайилан гьаризецин.

ХIасил, лъабго сордо-къоялъ рагъун турказ щущахъ риххиялдаса хвасар гьарула Америкаялъул 8 ва 9 корпусалги 2-аб дивизияги.

Гьеб заманалда божизе захIматаб бахIарчилъи бихьизабураб Кунури рагъда Исламсоралдаса магIарулав ХIажи Алтинэр лъугьуна чIагояб цо легендалъун.

Кореялъул Кунури абураб бакIалда тушмангун бадиса бадибе хутIараб турказул бригада кIиго къоялъ кутакаб рагъ гьабулеб букIуна. СШАялъул рагъухъаби тIоцебесеб нухалда дандчIвала гьедин багъулеб аскаргун. КIиго къоялъ чIечIого тIаде китаязул гьужумалъул чвахиялъе квалквал гьабураб цо дандечIей бихьизабураб турказул бригадаялъ щущахъ биххизабиялдаса хвасар гьабула СШАялъул кIиабилеб корпус. Гьенив турказулги чIвала ва лъукъула гIемерал гIадамал.

Лъукъаразда гьоркьов вукIана ХIажи Алтинэрги. Гьес гьалмагъзабазда абула: "Дихъ цо пулеметги цо гъутухъ патирабазулги те ва нужги гьаниса нахъе а. Дица гьал ругъналгун гIумру гьабизе гьечIо. Бищун дагьалдасан дица, нуж рорчIизе гIоло, тушман дидехунго вуссинавила", - ян.

Сержант ХIажил гьеб гьари гьалмагъзабаз бокьаниги бокьичIониги къабул гьа-була. Тушман тIаде щвараб мехалда, гьев пулеметалда нахъа вегула ва байбихьула халатбахъараб рагъде. Цо заманалдасан рагъ лъугIула, амма тушманасда данде бахIарчиго живго цохIо вагъулев вукIарав ХIажи жеги чIаго вукIуна. Гьеб рагъулъ гьесда щола 14 ругъун.

Къаси мех щварабго, щулаго чорхода пулеметги бухьун, хъурщун хандакъалдаса къватIиве вахъуна гьев. КIалдиб патихIагун, рекIелъ Аллагьасде рокьигун, ругъназ цIураб черхгун хъурщулев вукIуна магIарулав жидеразулго рахъалде. Чорходаса чвахулеб бугеб бидул мухъги нахъа толаго, рогьинегIан хъурщула гьев. Ахирги рогьел рехизе байбихьула. Гьанже гьесда яргъил кьвагьи рагIулеб букIинчIо. Сверухълъиялъул халгьабулев щивниги вихьулев вукIинчIо. Жеги дагьавги хъурщун, цо нухде вахъуна гьев, ахирги тIубан лъугIула гьесул чорхол хIал. Свакараб чорхолъ рухI хутIун букIунаро къеркьезе. Гьес берал къанщула. Гьанже гьев гъваридаб цо макьилъе восун уна.

Гьеб мехалда гьенисан унеб букIараб СШАялъул цо конвоялда ватула нухда вегун вукIарав ХIажи Алтинэр. Рачлица чорхода бухьун букIараб пулемет, щиб гьабунги, кIоларо гьесухъа бахъизе. Рес къотIарал чагIаз пулеметгун цадахъ восула гьев бищун гIагарда букIараб авлахъалъулаб госпиталалде. Америкаялъул тохтурзабаз сагIтаца тIадчIун гьабула гьесие чанго операция ва гьесул чорхолъа рахъула киналго кескалги гулбиги. СШАялъул аскаралъе гIоло гьеб букIана кIудияб лъугьа-бахъин. Кин кIолеб цо чиясда гьедин дандчIезе? Кинаб иманалъ гьелъие кверба-къулеб букIараб?

Чанго моцIидасан ХIажи сахлъула ва госпиталалдаса къватIиве вачIуна. Байбихьуда гьеб лъугьабахъиналде Турциялда цо кIудияб кIварго кьоларо. Амма СШАялда гьев лъугьана Кореялъул рагъул символазул цоявлъун.

Дол соназда СШАялъул вукIарав президент Гарри Труменица жинцаго ахIула ХIажи Алтинэр хIурматияв гьобол хIисабалда Америкаялде. ЛъагIалица хутIула гьев гьенив гьобол хIисабалда, гьев вачуна тира-сверизе улкаялъул киналго штатазде.

Бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ХIажие кьола Америкаялъул бищунго хIурматияб рагъулаб медаль - ГIарцул цIва. Гьединго гьев гьавула Нью-Йорк шагьаралъул хIурматияв ватIанчилъун, гьесие кьола Нью-Йоркалъул реццалъулаб медаль, Цинцинати штаталъул меседил кIул, Калифорния университеталъул реццалъул медаль, гьединго гьесие сайгъат гьабула гIицIго Америкаялъул рагъулал бахIарзаз ххезе бегьулеб ракIалдещвеялъулаб баргъичги.

Америкаялъул ватIанчилъицин кьезе бокьун букIана гьесие. Амма ХIажица, баркалаги кьун, гьеб къабул гьабуларо. Гьединго гьесие кьолеб букIана Америкаялъул аскаралъул генераласул цIарги, амма гьанив генераллъун вукIинегIан, дун турк аскаралда мухъилавлъунго вукIиниланги абун, гьес инкар гьабула гьелдасаги.

## Ренгин Юрдакилил ракIалдещвеял

"Дун йикIана гьитIинаб лъимер. Цо къо-ялъ дир инсуца рокъобе бачIана 20х30 роценалъул гIадаб чIегIерхъахIаб цо сурат. Гьеб сурат киса бачIарабали ялъуни кин дир инсухъе ккарабали дида ракIалда гьечIо гьанже. Сураталда рорхатал минабазда гьоркьоб бугеб проспекталда тIаса рагьараб цо машинаялда жанив вахъун чIун вукIана кIиго чи. Гьезул цояв вукIана цивилияб ратIлилъ, цогиявин абуни турк рагъухъанасул униформаялъулъ халкъалъе салам кьолев. Гьесул квегIаб квер, лъукъараб букIун, чIегIераб квердаххелалда жаниб букIана. Минабазул балконаздасан баккараб ва нухлул рагIалда букIараб халкъалъ гьезде тIаде конфетал щвалел рукIана.

Дуда лъалищилан абуна инсуца, гьав чи ккола чергесав, Кунури рагъда жинцаго америкаялъулал хвасар гьарурав. Америкаялда гIемерал шагьаразда сверизавуна гьев. Инсуца цIакъ цIунулаан гьеб сурат.

Гьелдаса нахъе ана санал. Дун Истамбулалда Шамилил фондалда хIалтIулей йикIана. Цо къоялъ гьениве вачIана борхатаб черхалъул, ригьалдаса арав цо чи. Гьесда тIад букIана халатаб канчIхъахIилаб пальтоги, дагьабго букIкI-букIкIараб хъахIаб гурдеги, канчIхъахIилаб галстукги ва жеги канчIхъахIилаб беретги. Дица гьесда абуна лъикI щваравилан. Гьес жиндирго цIар бицана. Дида, гьайгьай, гьебсагIаталъ ракIалдещвана гьев. Гьев вукIана Кунуралъул бахIарчи ХIажи Алтинэр.

Гьес дида гьикъана Муса Рамазаница ва ТIарикъ Жамал Кутлуца фондалда цо документазул чванта течIищилан. Гьез гьединаб жо я течIин, я абичIилан абун, дица гьесие чай икрам гьабуна. Гьебги гьекъон, ине тIаде вахъана гьобол. Дица болъодухъе щвезегIан нухарегIана гьев. НуцIихъа къватIиве вахъунаго, нахъги вуссун, гьес дир цIар цIехана. Дица абуна Ренгин

# Кореялъул рагъул магIарул багьадур

Юрдакил бугилан. Гьелде данде гьес гьикъана телефончи ХIасанил щийлъун дун кколин. Дица яс йигин абидал, гьев цIидасан офисалде тIадвуссана.

Дица гьесда абуна дур ва дуца гьабураб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ инсудасан гIемер рагIанин, хIатта дур цо суратцин бугин нижехъ. Гьелде данде гьес абуна: "Дур эмен гIемер векерахъдизе ккана дир ишал тIуразе гIоло, амма гьелъул жо ккечIо, дида гьесул кумек киданиги кIочон тезе гьечIо", - ян.

Хадуб гьес бицана Американалдаса нахъе ахIараб мехалда, цо организациялдаса курьерасул хъулухъалдаса пенсиялде вахъанин, Американалде цIидасан ахIулев вукIанин, амма жив инчIин, хIатта гьениб гьесие кьолеб букIараб инвалидлъиялъул гIарацццин босичIин. Доб чантиниб гьеб киналъулго документал рукIанин абуна гьес. "Гьез абун букIана, гьел документалги ракIарун, цо жо хъвалин ва телевидениялдасан дир хIакъалъулъ бицинин", - илан абуна гьес.

Санал ун хадуб цо газеталда хъван букIана Кореялъул бахIарзал генерал Тахсим Язичилги сержант ХIажи Алтинэрилги цIарал школазда лъуни лъикI букIинаанин. Гьеб пикруялъ дун тIамуна ХIажил Алтинэрил хIакъалъулъ хъварал жал ралагьизе: тIахьазда, Интернеталда, доб заманалъул гIадамазухъ ва ц. Щибниги жо батичIо дида. Цо заманалдасан дида дандчIвана гьесул цо чанго суратги гьес рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялда хурхараб цо чанго хъвараб жоги. Амма я Американалда гьесдехун бихьизабураб кIваралъул, я гьесие кьолеб букIараб гIарцул хIакъалъулъ щибниги хъвараб жо гьениб букIинчIо. Замазаманалда цIиял баянал гьечIодайилан Интернеталде яккарулей йикIарай дида цо къоялъ хъвадарухъан Йилмаз Оздилил бокIоналда бихьана цогидазе мисалллъун букIине гIоло гьес ХIажи Алтинэрил хIакъалъулъ хъвараб макъала.

"Сержант ХIажи Алтинэр. Гьавуна Карсалъул Сарикамишалда. Кореялъул рагъда гулла ва шрапнелалъул 30 ругъун щвана гьесда. Жиндирго гьудулзабазда гьес абун буго: "Дие пулеметги цо гьутухъ патирабазулги босун рачIа", - йилан.

Сержант ХIажица абураб жо бокьаниги бокьичIониги къабул гьабун буго гьез. Тушман вачIараб мехалда, гьевгун халатбахъараб рагъде лъугьуна гьев. Рагъ лъугIун хадуб, тушманасда данде живго вагъулев вукIарав Сарикамишалдаса ХIажи Алтинэр жеги чIаго вукIана. Чорхода щулаго ярагъги бухьун, хъурщулаго хандакъалдаса къватIиве вахъарав гьев нухда ватула Американалъул рагъухъабазда. Гьез турказул солдат хехго щвезавула бищун гIагарда букIараб госпиталалде. Гьенив гьев СШАялъул тохтурзабаз лъикIлъизавула.

Рагъдаса хадуб гьеб бахIарчилъи рагIула тIолабго дунялалдаго. СШАялъул президентас Американалде ахIарав ХIажи Алтинэр, цо соналъ гьенив гьоболлъухъ хутIула. Гьесие СШАялъул ватIанчилъи кьолеб букIана, амма гьес гьеб къабул гьабуларо ва Турциялде тIадвуссуна. Гьесие хIукуматалъ чIезабуна гIарацги".

## ГIумруялъул хадусел сонал

Америкаялда ХIажил хIурматалда тIобитIараб цо официалияб квана-гьекъолеб бакIалда, гьев турказда релълъун гьечIевлъи бихьарав аскIов гIодов чIун вукIарав цо американас гьесда абула мун турказда релълъарав гьечIин, киса ва щиб миллаталъул чи кколевилан. Гьесги жаваб кьола жив Турциялъул ватIанчи вугин, амма тIабигIаталъул рахъалъ жив кколин Дагъистаналдаса рачIарал магIарулазул вас. Гьеб жаваб сабаблъун Турциялда гьесдехун бижула цо рокьукълъи, щайин дуца мун туркав вугин абичIебилан.

Гьедин бугониги, турказул хIукуматалъ хIурмат гьабула ХIажи Алтинэрил. БатIи-батIиял шапакъатазда цадахъ гьесие Муш вилаяталъул Мержимеккале росулъ кьола ракьги, бала рукъги ва сайгъат гьабула цо тракторги. ХIажил эмен МухIамадмирза, авлахъалда хIалтIи гьабулев вукIарав чи, гьеб тракторалъ аварияги гьабун, гьелде гъоркьеги ккун, хола.

Дол, рикIкIадал 60-абилел соназда Турциялъул бакъбаккул рахъалда цIакъ захIмат букIана гIумру гьабизе. ГIиллаби рукIана батIи-батIиял, гьезда гьоркьоб пачалихъалъул мискинлъиги, экономикаялъул рахъалъ регион нахъеккараб, ресукъаб букIинги, курдазул миллатчагIаз рахIатаб гIумру гьабизе тунгутIиги. Гьединлъидал кIудияб хъизан букIарав ХIажица хIукму гьабула Истамбулалде гочине. Гьенив гьев машгъуллъула мармаралъул батIи-батIиял тIагIелал гьариялде. Амма гьеб хIалтIиги бажаруларо гьесухъа халатбахъун гьабун, щайгурелъул рагъда щварал ругъназ цIакъ рахIатхвезабулеб букIана гьесул.

Лъабго-ункъо соналдасан хъизамгун цадахъ ХIажи гIумру гьабизе вачIуна Бурса вилаяталда бугеб Инегёл шагьаралде. Гьенир рукIана Турциялъул бакъбаккул рахъалдаса гочарал гIемерал магIарулал, гьезда гьоркьор ХIажил росу Исламсоралдасаги.

Заманалдасан, хъизамалги гьарун, лъимал бакI-бакIазде рикьрикьун араб мехалда, ХIажи вас Йилмазгун цадахъ уна Самсун шагьаралде ва хвезегIан гьениб тIамула жиндирго гIумру. Хун хадув Турциялъул хIукуматалъ гьесул жаназа босула улкаялъул тахшагьаралде - Анкараялде. Гьенив хIурматияб аскаралъул церемониягун гьев вукъула живго гIадинал, ватIаналъе гIоло бахIарчилъи бихьизабурал ва гIумру кьурал рагъухъабазда аскIов.

Ахиралдаги. 1992 соналъул августалда МахIачхъалаялда тIобитIун букIана Дагъистаналъул ватIанцоязул ТIоцебесеб тIолгодунялалъулаб конгресс. Гьеб хIурматияб ва тIадегIанаб тадбиралъул гьоболлъун вукIана дунялалда машгъурлъарав, амма инсул ватIаналда лъаларев Кореялъул рагъул бахIарчи, Турциялъул магIарулав ХIажи Алтинэрги.

***АхIмад МУРТАЗАГIАЛИЕВ,***
***гIелмабазул доктор***

**P.S.** Гьаб макъала бахъун букIана "ХIакъикъат" газеталда. Гьалъул хадусеб ва нилъер росдалгун ХIажил бугеб бухьеналъул хIакъалъулъ букIине буго бачIунеб номералда. Ред.

**Бертаби гъариялъул лъазабиязухъ чIезабун буго кьолесеги гIемер захIмалъулареб хIисабалъул багьа - 200 гъурущ. Гьеб кьола цо нухалъ, лъазаби бачIина лъагIел лъугIизегIан. ГIарац кьезе бегьула нужеца газета босулел бакIазде, ккезабизе бегьула газета гIуцIулезухъе, ялъуни рехизе бегьула Сбербанкалъул гьаб картаялде 5469600023392343.**



**СЕНТЯБРЬ**

Агъаев ИсмагIилил вас Сираждиница ячуней йиго Хачаибрагьимов МухIамадил (Ирбанля МухIамадил) яс Саният. Бертин буго 28 сентябралда, "Розовый Фламинго" залалда, сагIат кIигоялда бащдаб хIалтIарабго (13:30).

***

**АбдулхIалимов Жамалдинил вас АбдулхIалимица ячуней йиго Ашалов Шамилил (ГIашалав) яс ХIажияй. Цадахъаб бертин буго 7 сентябралда «Эльтав» залалда, сагIат кIигоялда (14.00).**

**ОКТЯБРЬ**

**Агъаев Къурбанил вас МухIамадица ячуней йиго Онкочев ГIабдулахIажил яс Асият. Васасул бертин буго 6 октябралда «Арабеска» залалда, сагIат кIигоялда (14.00).**

***

**Энхов Гирайил вас Шамилица ячуней йиго ГIабдулгIумаров Маликил яс ПатIимат. Цадахъаб бертин буго 12 октябралда, «Эльтав» залалда, сагIат кIигоялда (14:00).**

*ПРОФЕССИОНАЛЬНАЯ ВИДЕОСЪЕМКА И ВИДЕОМОНТАЖ СВАДЕБ*
*8 903 429 99 73*
*Абдула Бечедов*



ТАКСИ АНЖИ




55 00 55
21 00 00







*Ювелирный салон "Дамский Угодник" - место, где начинается Ваша весна. Дорогие односельчане! Приглашаем вас в ювелирный магазин "Дамский Угодник", где вы сможете приобрести заводские изделия высокого качества от российских производителей со вставками из драгоценных и полудрагоценных камней, которые выгодно подчеркнут вашу индивидуальность. А приятные цены согреют душу! Более того, в нашем магазине всегда можно приобрести изделия в рассрочку БЕЗ ПРОЦЕНТОВ или в кредит! Для наших односельчан всегда действуют особые скидки и индивидуальный подход! (Ну и, конечно, душу согреют не только наши цены, но и настоящий согратлинский чай!) Всем рады, всех ждём! Там внизу укажите наш адрес: г Махачкала ул. Дахадаева, 42 (угол Ермошкина). Тел 8928 9507783. Наш инстаграм @damskii.ugodnik*



*Къокъаб, гьанчче газеталда бахъулеб хIисабалъул рекламаялъул багьа буго 200 (кIинусго) гъурущ-лъицаха абилеб гьеб гIемер бугин абун? Гьебги кьола нужехъе газета щолеб бакIалда, ялъуни битIизе бегьула Сбербанкалъул гьаб картаялде 5469600023392343 цо нухалъ, реклама букIина бащдаб лъагIелалъ, ай 6 номералда. КIудияб, мисалалъе гьумералъул (страница) ялъуни бащдаб гьумералъул рекламаялъухъ, хIакъаб жо, багьаги букIина дагьаб цIикIкIараб, гьеб чIезабила къотIи-къаяздалъун. Кье нилъерго газеталде реклама, гьелъ дагьабниги квербакъичIого букIинаро нужеца гьабулеб-толелъе. Гьелда цадахъго дагьабго туркIи газеталъеги щвани щиб бугеб гьелъул бегьунгутIи?*

*РачIа хIалтIизе цадахъ рекъон.*


Продается сушеная колбаса и мясо,
а также режем на заказ
и выполняем
всю работу сушки
колбасы и мяса.

89882798979 - Шамиль



ОФОРМЛЕНИЕ БАНКЕТНЫХ ЗАЛОВ, МАШИН, БУКЕТЫ ДЛЯ НЕВЕСТ.
8-928-831-76-00 ФАТИМА

**Вызов такси по городу и за пределы города**
**ТЕЛ.: 8 988 215 21 27**







Издателький дом
«КИТАБ»

- Листовки • Книги • Визитки
- Брошюры • Бланки • Буклеты
- Журналы • Пакеты бумажные
- Коробки для чая, сахара, духов итд.

91-46-51 8 928 054-24-18

***Осуществляем грузоперевозки по городу и за пределы города. Арабов Увайс. Тел.: 8988-436-55-35.***



*Надежно. Качественно. Быстро*

*Продается двухэтажный дом площадью 240 квадратных метров в районе ДОСААФ, ул. Перелетная. Имеются все коммуникации, два санузла, газ, вода, отопление, канализация, теплые полы, большой двор, огород. Имеется зеленка на участок. Дом угловой. Рассмотрю варианты, бартер на квартиру с доплатой. Цена 7 млн, торг уместен 8 928 064 02 78 Абдулаева (ГIашикъ) Хадижат.*

*Индира Сагитовалъул ва МухIамад Абакаровасул "Наказух. Истоки памяти" абураб тIехь бичулеб буго гьал бакIазда: Агрофирма "Согратль" (ул. М. Гаджиева, 94); кафе "Хуторок"; "Дамский Угодник" ювелирияб салон-тукен (ул. Дахадаева, 42, угол ул. Ермошкина). Багьа 1000 (азарго) гъурущ.*

*МАСТЕР ПО УСТАНОВКЕ САНТЕХНИКИ*
*Все справки по тел.: 8 988 264 91 18 Магомед Багинов*

**У вас проблемы с электричеством?**
**Позвоните в любое время: 8.988-697-12-24 Ильяс Инусилов.**

**Микьабилеб гъутада ракьул участкаби ругез тIалаб гьабе гьел сверун къазе.**

**Бичулеб буго росулъ Эчилов АхIмадил рукъалда цебе бугеб Вагьабов Идрисил мина (цебе гьеб букIана ГIабдулгIумарова Аминатил). Жанир киналго квегIенлъабиги руго (лъим, канализация). Багьа 500 азарго гъурущ. АхIизе бегьула гьаб телефоналде: 89882652767.**

**Бичулеб буго росулъ больницаялда цебе, хобалазда нахъа бугеб ракьул участок. Багьа 450 азарго гъурущ. КъваригIараз ахIизе бегьула НурмухIамадил ГIайшатихъе гьаб телефоналде: 89898823568.**

**Продается 1-этажный кирпичный жилой дом (155 кв.м.) с хозяйственными и бытовыми сооружениями: магазином (27 кв.м.), забором. Есть все коммуникации (газ, свет, вода). Земельный участок 12 соток, ухоженный плодоносящий сад. Цена договорная. Адрес: поселок Шамхал, улица Леваневского, тупик 3, дом 2. Телефон: 8928-557-19-15**

**Бичулеб буго росулъ бугеб Агъаев ХIабибулагьил Сулейманил мина. Багьа 150 азарго гъуруш. АхIизе бегьула гьал телефоназде: 89886337896 Сулейман ва 89887711231 ГIуцIова Шамсият.**

**АВТОСТРАХОВАНИЕ**
**Страховые полисы в ЭЛЕКТРОННОЙ форме. 1. Электронные страховки на авто. 2. Полный пакет документов на переоформление ТС. Махачкала, ул. Дахадаева, 47 "а" (угол Батырая-Дахадаева), тел.: 910-710, тел.: 8 988 291 07 10 Заур**

*Бичулеб буго батIи-батIияб ччугIил хурараб гьан (фарш). Босизе бокьараз бухьен гьабе гьаб телефоналде ахIун: 89887859102, СултIанат.*

*Бичулеб буго Сугъралъ росулъ (БухIараб роснoб, КIкIубере унеб шагьрануxда гъоркь бугеб) Атрачев АхIмадил дача. Босизе бокьарас бухьен гьабизе бегьула гьал телефоназде ахIун: 89886993075 Жамилят ва 89640520035 Ризван.*

*Продажа и установка кондиционеров любой сложности с гарантией. Тел. 8988 303 66 46 Али.*



**Газеталъе подписка къабул гьабулел ва хадурккун гьел щвезарулел бакIал:**

**МахIачхъала:** МАДИ-ГТУ, ОАО «Дагнефть», «Дагэнерго», «Бетон-1», Аптека МФС, Налоговая инспекция Ленинского района, ул. Ушакова (Махадов О.), Роддом №2, Кафе «Асоноб», Пабашилов Мусал стоматология, Махачкала-1 (Хабибов Али), Гастроном «Сугур», Агрофирма «Согратль», Магазин «Сайпудин», Домоуправление №9, Общ. Ремзавод (Энхов ХIажимурад), Кафе «Гуниб», Инусов Ильяс, Кафе «Хуторок», Стоматология «Восход», ХачагIалиев МухIамадхIажи (Семендер), поликлиника «Здоровая семья»
**Сугъралъ росу:** Энхов Сулейман.
**Буйнакск шагьар:** Абдулазизов Магомед.
**Каспийск шагьар:** Закарьялов ГIали.
**ЦIияб Сугъралъ (8-аб.) гъутан:** Ягъанов ШехахIмад.
**Богатыревка:** Шарабудинил МухIамад.
**I–МахIачхъала -** Бахьулов АхIмад
**Нефтяниказул посёлок -** Эчилов МухIамад.
**ЦIияб Кяхулай -** Саидов МухIамад
**Бавтугъай -** ХIажил ГIумар
**Гъизилюрт -** ХIамзалов Багьавдин
**Гъуниб -** Къурахов ХIамид
Москва - Муса Каримов (ГIалил вас), тел.: 89299071140

**Редакция не всегда разделяет точку зрения авторов. Ответственность за недостоверную информацию несет автор.**

# Демографиялъул статистика

## *1 апрелалдаса 31 маялде щвезегIан*

**Гьабуна 8 лъимер**
*(4 вас ва 4 яс)*

* МуртазагIалиев (ХIакуч) Шамилил МухIамадие яс
* Агъаев Сулейманил Рашидие вас
* Къарнаев Казимие вас
* АхIмадилов (ГIалистанля) АхIмадил МухIамадие вас
* Вагьабов МухIамадил Шамилие яс
* ЭнхIов ГIабдулагьие яс
* ГIалибегов МухIамадие (Ибал Нажаватил вас) яс
* АхIмадилов (ГIазимил) Багьавдинил МухIамадие вас

**Иман бугел ратаги гьел Хвана 8 чи**

***(2 бихьинчи ва 6 чIужугIадан)***

* Вицова Аминат
* АхIмадов АбдухIалимил хъизан Бахинди
* Юсупов Юсупил вас Ислам
* ГIарчIамов МухIамадил хъизан Савдат
* ГIабдулаев (Дихь) АхIмадил хъизан Жавгьарат
* КIичева (Апандил МухIамадил хъизан) СултIанат
* ГIашикъ ГIумар
* КIичева Рукъиятил яс Фатима

**Мунагьал чураги гьезул**

**Гьабуна 2 бертин**

* СагIитов ТIинамухIамадил вас Шамилица ячана Халикъов ГIабдулагьил яс Камила
* Къандаев ГIабдулагьил вас Варисица ячана Лавашиса яс ПатIимат

**ГIумру цадахъ инесел ратаги**

## Лъани зарал гьечIо

***Исана нилъер Агрофирмаялъ къунцIана 36,1 тонна квасул. КъунцIараб гIиял къадаралъул рахъалъ исанаги тIоцебесеб бакI цIакъго щулаго ккуна ГIумархIажи Хваровас, кIиабилеб бакI лъихъениги биччачIо ШапигI Сагитовас, лъабабилеб бакIалда рещтIана ГIабдулатIип Хачалов.***

***

***Росулъ бугеб нилъер школа исана лъугIана 19 цIалдохъанас, ЦIияб Сугъралъ бугеб школа 8 цIалдохъанас.***

Сугъралъ
Согратль «12+»

**Учредитель:**
**Региональный общественный фонд «Согратль»**

**Телефоны:**
**8-928-251-23-05**
**8-988-309-45-05**
**8-988-291-45-98**

**Для справок и объявлений:**
**8-988-291-17-30**

**Адрес редакции и издателя:**
**367000 РД г. Махачкала**
**ул. М. Гаджиева, 94**

**Адрес для писем:**
**пр. Насрутдинова**
**(Петра I) 61,**
**6-й этаж)**
**Адрес электронной почты:**
**sogr2002@mail.ru**
**На интернет-сайте:**
**www.sogratl.net**

**Управление федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.**
**ПИ № ТУ 5 - 0139**
**от 23 января 2012 г.**

**Редактор** — **Абашилов Абаш Ахмедович**

**Редакционный совет:** **Омар Махадов**, **Магомед Муртилов**, **Гаджи Габалов**, **Даниял Ахмедов**

**Ответственный за электронную версию** — **Гусейн Гусейнов (Согратль-Канада-Согратль)**

**Газета набрана и сверстана на собственной компьютерной базе и отпечатана ИП «Дом пресс», пр-т Акушинского 100**
**Тираж 800 экз. Заказ №**

**Подписано в печать 19.25**
**Время фактической печати 20.05**
**Цена свободная**